**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ-ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика кафедрасы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

## Тема: «Жынаят процессинде айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыў»


**Орынлаған:** **Қутыбаев Махмуд**
тарийх-ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **И.А.Матжанов**
«Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика» кафедрасы доценти ў.а., юридика илимлериниң кандидаты


Питкериў қәнигелик жумысы кафедрада алдын ала қорғаўдан өтти.
(2013 жыл ___ июнь №__- баяннамасы)
Кафедра баслығы____________ С.Ш.Утемуратова

**Нөкис-2013.**

**Кирисиў……………………………………………………………………3**

**I-БАП. ЖЫНАЯТ ИСИ БОЙЫНША ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДИ ТОҚТАТЫЎ ТИЙКАРЛАРЫ ҲӘМ ТӘРТИБИ……………..……………7**

§.1. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары ҳәм тәртиби……………………………………………………………………..7

§.2. Жынаят исин тоқтатыў ўәкиллигине ийе лаўазымлы шахслар ҳәм олардың процессуал статусы………………………………………………10

§.3. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққындағы қарар……………………………………………………………………………28

§.4. Тоқтатылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди қайта тиклеў тәртиби………………………………………………………………….....34

**II-БАП. АЙЫПЛАНЫЎШЫҒА БАЙЛАНЫСЛЫ ҲАЛАТЛАР БОЙЫНША ЖЫНАЯТ ИСИН ТОҚТАТЫЎ……………..……………..42**

§.1. Айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўдың процессуал тәртиби……………………………..…………42

§.2. Жынаят иси тоқтатылғанынан кейинги әмелге асырылатуғын процессуал ҳәрекетлер……………………………………………………..51

**Жуўмақлаў……………………………………………...…………56**

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими……………………..……….60**

## Кирисиў

Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң ашық сиясатқа тийкарланған ҳуқықый-демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўды бас стратегик мақсет етип қойды. Елимизде пуқаралық жәмийетти қурыў, демократияға ерисиў ҳәм базар экономикасына өтиў сыяқлы улыўма инсаний мазмунға ийе болған ийгиликли жумыслар басланды. Мәмлекетте пуқаралық жәмийет ҳәм демократияға ерисиў ушын, ең әўеле, ҳалықты пуқаралық жәмийетке тәрбиялаў, сөз еркинлигин бериў арқалы мәмлекетимизде демократияны жаратыўға ерисиў болып табылады. Бул ийгиликли ислердиң бәршесине имканият жаратқан уллы жол – Ғәрезсизлик жолы есапланады. Өзбекстан Республикаси Президенти И.А.Каримовтың «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» атлы мийнетинен ғәрезсизлик жолының қаншелли уллы екенлигин, ҳәр бир инсан ушын ғәрезсизликтиң қаншелли зәрүр екенлигин ҳәм ғәрезсизликке ерисиў жолында қаншадан-қанша машақатлы мийнетлердиң исленгенлигин билиўимизге болады.[1] Әлбетте, Ғәрезсизлик – бул халықтың абадан жасаўына имканият бериўши бийбаҳа ғәзийне есапланады. Сондай-ақ, айрықша атап өтиўимиз лазым, ғәрезсизлик шарапаты себепли мәмлекетимизде экономикалық өсиў дәрежеси жоқарылап бармақта ҳәм бул жағдай халықаралық кең жәмийетшилик тәрепинен тән алынбақта.[2] Сонлықтан-да ғәрезсиз мәмлекетимизде инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин, нызамлы мәплерин ҳәм турмысының абатлығын тәмийинлеў мәмлекетимизде баслы бағдар есапланады[3].

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың 2010-жыл 12-ноябрь күнги Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Сенаты ҳәм

---

[1] Каримов И.А. □збекистон мустақилликка эришиш остонасида. – Т.: □збекистон, 2011. – Б. 3-32.

[2] Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: □збекистон, 2012. – Б. 5.

[3] Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг □збекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

Нызамшылық палатасының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў Концепциясы»[1] атлы баянатында елимиз басшысы мәмлекетимизде ҳуқықый тәлим ҳәм билимлендириў, жәмийетте ҳуқықый билимлер үгит-нәсиятын түпкиликли жақсылаўға бағдарланған мақсетли кең көлемли ис-илажлар бағдарламасын ислеп шығыў зәрүрлигине итибар қаратты. Ҳақыйқатында да, жәмийеттиң ҳуқықый санасы ҳәм мәмлекетте ҳуқықый тәлимди жетилистириў илажларының түпкиликли рәўиште жақсылыўға бағдарланған илажлар халықтың ҳуқықый саўатын буннан да былай жетилистириўине ҳәм ҳуқықый мәдениияттың раўажланыўына хызмет етеди. Соның менен бир қатарда, бул ис-илажлар елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының қаншелли дәрежеде әҳмийетли екенлигин де көрсетип береди.

Пуқаралық жәмийетте ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекетте нызамлар үстин турады. Мәмлекетимиз өзиниң шын мәнисиндеги ғәрезсизлигине ерискеннен соң, парламентимиз тәрепинен көплеп нызамлар қабыл етилип, бул нызамлар пуқаралық жәмийетимиздиң сиясий, социал-экономикалық, мәдений тараўларын ҳуқықый жақтан толық турде тәмийинлеўге қаратылған.

Ҳуқық ҳәм нызамның орынланыўы, оның талапларының тәмийинлениўи мәмлекетимиздиң барлық ҳуқық қорғаў уйымларында, солардың ишинде, жынаятларды тергеў уйымларында да әмелге асырылыўы лазым. Дәслепки тергеў уйымларында нызамлылықтың тәмийинлениўи жынаят ислериниң тез, толық ҳәм сапала ашылыўы менен бир қатарда, инсан ҳуқық ҳам еркинликлериниң сакланыўына хызмет етеди. Бул жолда болса, жынаят ислери бойынша дәслепки тергеўди нәтийжели алып барыў, жынаят

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

исинде айыпланып атырған шахсты анықлаў, егер, оның имканы болмаса, жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатып қойыў әҳмийетли ўазыйпа саналады. Бул мәселе, өз гезегинде, илимий жумысымның бас бағдарын таңлап алыўыма тийкар болды.

Питкериў қәнигелик жумысы жынаят процессинде айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўда келип шығатуғын жынаят-процессуал мәселелерди тәртипке салыўдың процессуал қағыйдаларына бағышланған.

Жынаят процессинде айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўда келип шығатуғын мәселерге бирқатар процессуалист алымлар өз илимий мийнетлерин бағдарлаған. Солардын ишинен Ғ.Абдумажидов, З.Ф.Иноғомжонова, А.Давлетов, Б.Х.Пўлатов, А.Т.Алламуратов, Ш.Файзиев, М.А.Ўсмонов, Ҳ.Ҳ.Ботиров[1] ҳам басқалар айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўда келип шығатуғын процессуал мәселелерди ашып бериўге ҳәрекет қылған.

Питкериў қәнигелик жумысы Өзбекстан Республикасы Президентинин мийнетлерине, Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексине, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексине, әмелдеги нызамшылыққа ҳәм темаға тийисли болған арнаўлы әдебиятлар тийкарында исленди.

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.; Жиноят процесси (умумий қисм): Юридик институт ва факультетлари талабалари учун дарслик (Иноғомжонова З.Ф.нинг умумий тахрири остида.).-Т.:ТДЮИ,2008.; Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати: дарслик / Б.Х.Пўлатов; масъул муҳаррирлар: Т.А.Умаров, А.Т.Алламуратов ва бошқ. – Т.: «O'zbekiston», НМИУ, 2009.; Давлетов А.Д. Прокурорский надзор: учебник. – Нукус. «Билим», 1999; Файзиев Ш.Ф. Жиноят ишини судга қадар юритиш босқичида шахсий дахлсизлик // «Суд ва ҳуқуқни муҳофаза қилиш органлар фаолиятида инсон ҳуқуқлари умумжаҳон декларацияси нормаларининг амал қилиши» мавзусидаги илмий-амалий конференция материллари. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 104-108.; Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят ишлари бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // ТДЮИ Ёш олимлари илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б. 157; смонов М.А. Суриштирув ва дастлабки тергов босқичларида фуқароларнинг ҳуқуқ ва эркинликларига риоя этилиши умтидан прокурор назоратининг аҳамияти ҳамда вазифалари // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2010. – Б. 205-2010; ҳ.т.б.

Питкериў қәнигелик жумысы кирисиўден, еки баптан ҳәм жуўмақлаў бөлиминен ибарат.

Биринши бап жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары ҳәм тәртибине бағышланған болып, онда жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары ҳәм тәртиби, жынаят исин тоқтатыў ўәкиллигине ийе лаўазымлы шахслар ҳәм олардың процессуал статусы, жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққындағы қарар ҳәм тоқтатылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди қайта тиклеў тәртиби ҳуқықый жақтан изертленип өтиледи.

Екинши бап айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыў мәселесине бағышланған болып, онда айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўдың процессуал тәртиби ҳәм жынаят иси тоқтатылғанынан кейинги әмелге асырылатуғын процессуал ҳәрекетлер үйрениледи.

# I-БАП. ЖЫНАЯТ ИСИ БОЙЫНША ДӘСЛЕПКИ ТЕРГЕЎДИ ТОҚТАТЫЎ ТИЙКАРЛАРЫ ҲӘМ ТӘРТИБИ

## §.1. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары ҳәм тәртиби

Белгили болғанындай, жынаят иси ҳәрдайым ҳәм биргеликли тәртипте әмелге асырыла бермейди ҳәм тергеўшиниң ойлағанындай нәтийже бере бермейди. Бул ҳалатқа ҳәрқыйлы жағдайлар тәсир етиўи мүмкин ҳәм, өз гезегинде, жынаят иси бойынша дәслепки тергеўдиң белгили бир мүддетлерге тоқталыўына алып келеди. Жынаят исиниң тоқталыўы болса бир ўақыттың өзинде ис бойынша дәслепки тергеўдиң ҳәм дәслепки тергеў мүддетиниң тоқтатылыўына алып келеди. Бул жерде итибар бериўимиз лазым болған және бир мәселе соннан ибарат, яғный «жынаят исин тоқтатыў», «дәслепки тергеўди тоқтатыў», «тергеўди тоқтатыў» ҳәм «исти тоқтатыў» сөзлери мәнислериниң өз-ара қатнасы. Пикиримше, бул сөзлер мазмун-мәниси жағынан бирдей түсиникке ийе, себеби олар бирдей процессуал тәртипти билдиреди. Соны да айрықша атап өтиўимиз тийис, әмелиятта көпшилик жағдайда жынаят исин тоқтатыў ҳаққында қарар қабыл етиледи.

Дәслепки тергеў имканы барынша тез ҳәм толық өткизилиўи лазым. Оны әмелге асырыўды бийпәрўалық, жуўапкерсизлик ҳәм өз мәжбүриятларына немқурайдылық пенен қаралмаслығы лазым. Себеби, юрист-алым Б.Х.Пўлатовтың белгилеп өткениндей «Жынаятшылыққа қарсы гүресте дәслепки тергеўдиң әҳмийети оғада үлкен»[1]. Бирақ, жынаятты ашыў ҳәм оны әмелге асырған шахсты анықлаў барысында ушырайтуғын айырым қәте-кемшиликлер жынаят иси бойынша барлық тергеў ҳәрекетлерин ақырына шекем жеткизип, нызамлы қарар қабыл етиўге имканият бермеўи мүмкин. Бундай жағдайларда даслепки тергеўди тоқтатыўдың жынаят-

[1] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, 2009. – Б. 178.

процессуал нызамшылығында төрт жағдайы көрсетилген. Олардың хәр бири жынаят исин тоқтатыў ушын тийкар болып саналады.[1]

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў – тергеў процессинде тергеў жүргизилиўине тосқынлық қылатуғын хәм тергеў хәрекетлерин жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар пайда болыўы мүнәсибети менен әмелге асырылады. Жынаят иси бойынша тергеў хәрекетлерин жүргизиўди тоқтатыў дәслепки тергеў, судта қарап шығыўға таярлаў хәм судта көрип шығыў ўақтында да әмелге асырылыўы мүмкин. Тергеў хәрекетлерин жүргизиўди тоқтатыў түсиниги дәслепки тергеў даўамында әмелиятта көбирек қолланылады. Себеби тергеў хәрекетлерин жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар тап усы дәслепки тергеў процессинде көп ушырайды, бул жағдайды сапластырғаннан кейин ғана дәслепки тергеўди жүргизиў мүмкин болады.

Дәслепки тергеўди жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясында көрсетилген болып, олар дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары деп аталған. Усы статьяда дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары менен бирге тәртиби де белгиленген. Жынаят-процессуал нызам талапларына көре, дәслепки тергеў:

1) ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбаған;

2) айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болған;

3) айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен, егер оның тергеўге келиўин тәмийинлеў имканияты болмаса;

4) айыпланыўшы исти жүргизиўде оның қатнасыўын мүмкиншилик бермейтуғын аўыр хәм даўамлы, лекин емлеўге болатуғын кеселликке шалынған жағдайларда тоқтатылады.

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 574.

Дәслепки тергеў Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясының биринши бөлиминде көзде тутылған тийкарлар пайда болған ўақыттан баслап тоқтатылады. Лекин, дәслепки тергеў тоқтатылғанға шекем тергеўши айыпланыўшы жоқ ўақытта орынлаўы мүмкин болған барлық тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлерди орынлаўы шәрт. Солай етип, дәслепки тергеўди тоқтатып турыў ушын еки шәрт бар:

- жынаят иси бойынша жүргизилип атырған ҳәдийседе шынында да жынаят белгилери бар болыўы, буны тастыйықлаўшы жетерли дәлиллер топланған болыўы талап етиледи;
- айыпланыўшының жоқ ўақтында орынланыўы лазым болған барлық тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлер әмелге асырылыўы керек.

Усы еки жағдай исти жүргизиўде оның қатнасыўына мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы, бирақ емлеўге болатуғын кеселликке шалынған айыпланыўшыға байланыслы қолланылыўы ҳәм оған тийисли жынаят ислери бойынша дәслепки тергеўди ўақытша тоқтатыў ушын және еки төмендеги шәрт бар:

- дәслепки тергеўдиң нызамда белгиленген мүддетиниң өткенлиги;
- тергеўден жасырынған айыпланыўшы табыў ҳәм жуўапкерликке тартыў бойынша орынланыўы лазым болған барлық процессуал ҳәм тергеў ҳәрекетлери орынланған болыўы шәрт.

Барлық процессуал ҳәм тергеў ҳәрекетлери орынланған болыўы ҳаққындағы талапқа көре, тергеўши айыпланыўшыға байланыслы болмаған, оның қатнасыўысыз өткериў мүмкин болған ҳәм лазым болған тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлерди түсинемиз. Бунда ис бойынша дәлиллерди топлаў ҳәрекетлери толық әмелге асырылмаған болса ҳәм айыпланыўшының қатнасыўысыз усы дәлиллерди табыў, дизимге алыў ҳәм топлаў имканияты бола тура олар табылмаған, дизимге алынбаған ҳәм топланбаған болса, онда усы жынаят иси бойынша дәслепки тергеў ҳәрекетлерин тоқтатыў мүмкин емес.

Егер усы тергеў ҳәрекетлерин толық орынлаў ушын тергеў мүддети жетпеген болса, тергеў мүддетин узайтыў лазым болады. Егер айыпланыўшының аўыр ҳәм даўамлы, бирақ емлеўге болатуғын ҳәм соның менен бирге исти жүргизиўге қатнасыўына мүмкиншиилк бермейтуғын кеселликке шалынғанлығы анықланса, онда усы факт тийисли тәртипте суд-медициналық экспертиза өткериў жолы менен тастыйықланыўы лазым. Суд-медициналық экспертизасының ямаса суд-психологиялық экспертизасының жуўмағы дәслепки тергеўди тоқтатыўға тийкар болып есапланады. Егер руўхый кеселлик дүзелмейтуғын характерге айланған болса, онда жынаят исин тоқтатыў емес, жынаят исин қарар менен медициналық характердеги мәжбүрлеў шарасын қолланыў ушын прокурор арқалы судқа жибериў талап етиледи.

Жынаят-процессуал нызамшылығының талапларына көре, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд өз ўәкилликлери шеңберинде жынаят белгилери табылған ҳәр бир жағдайда жынайый ҳәдийсени, жынаят ислегенликте айыпкер болған шахсларды анықлаўы ҳәм оларды жазалаў ушын нызамда көзде тутылған барлық шараларды көриўи керек. Жынаят ислеген шахсларды анықламаў болса нызамшылық, мәмлекет ҳәм жәмийет, пуқаралардың ҳуқық ҳәм мәплерине қайшы келеди. Сонлықтан дәслепки тергеў даўамында жоқарыда атап өтилген дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары пайда болып қалса, нызамда көрсетилген талапларды орынлағаннан соң дәслепки тергеўди тоқтатыў мүмкин.

## §.2. Жынаят исин тоқтатыў ўәкиллигине ийе лаўазымлы шахслар ҳәм олардың процессуал статусы

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыўға прокуратура, ишки ислер органлары ҳәм миллий қәўипсизлик хызмети тергеўшилери

ўәкилликли болып саналады. Дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳәрекетлери прокурорлар тәрепинен же әмелге асырылыўы мүмкин[1].

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыўды ең тийкарғы лаўазымлы шахс – тергеўши болып есапланады. Буның мәниси соннан ибарат, белгили бир процессуал фигура сыпатында тергеўшиге жынаят исин толық ҳәм ҳәр тәреплеме тергеў ушын жынаят-процессуал нызамында көрсетилген барлық шараларды көриўге, процессуал ҳәм тергеў ҳәрекетлерин бийғәрез әмелге асырыўға, топланған дәлийиллерден келип шығып жуўмақлар шығарыўға ўәкиллик берилген. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыўда кең процессуал статусқа ийе болған шахслардың ең тийкарғысы болып есапланады.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди туўры шөлкемлестириў ҳәм де олардың әмелге асырылыў үстинен прокурор бақлаўын тәмийинлеў жынаятларды оператив рәўиште тез ҳәм толық ашыўға жәрдем береди. Сондай-ақ дәслепки тергеўдиң үстинен прокурорлық бақлаўың орнатылыўы тергеў ислери бойынша әдил қарардың қабыл етилиўине унамлы тәсир етеди[2].

Бул жағдай нызамда анық көрсетилген, яғный Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 36-статьясы екинши бөлиминде: «Тергеўши тергеўдиң бағдарын ҳәм тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге тийисли барлық қарарларды, прокурор рухсатын алыў нызамда көзде тутылған жағдайлардан басқа, өз бетинше қабыл етеди», деп баянлап өтилген. Буннан тысқары, тергеўшиниң өз өндирисиндеги ис бойынша нызамға муўапық берген тапсырмалары ҳәм шығарған қарарлары, көрсетпелери ҳәм тапсырмалары барлық кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болып есапланады. Бул

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 533.
[2] Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати. – Т.: O'zbekiston, 2009. – Б. 178.

тергеўши тәрепинен дәслепки тергеў процессинде, мәселен, тинтиў ҳәм алып қойыў өткериўде қалысларды тартыў, мүлкти хатлаў ҳәм сол сыяқлы қарарларға тийисли[1].

Айырым илимпазлар, солардың ишинде юрист-алым Л.М.Карнеев тергеўшиниң процессуал жағдайы оның ол яки бул органда жумыс алып барыўына қарап парқланады[2] деп пикир билдиреди. Лекин, тергеўшиниң ол яки бул органда хызмет етиўи оның процессуал статусына тәсир етпейди, ал тек ғана ўәкиллигиниң тергеўшиге тийислилик қағыйдалары бойынша шегараларын белгилейди. Ал, белгили юрист-алым М.А.Чельцов болса дәслепки тергеў органларын суд додалаўына салыстырғанда жәрдемши роль екенлиги туўралы сөз етеди ҳәм тергеў исин әдил судлаўға жәрдемши органлардың кең көлемли жумыслары» дейди[3]. Ал, белгили юрист-алымлар Д.С.Карев ҳәм Н.М.Савгировлар «Дәслепки тергеў органларының ролин кемейтиў надурыс, себеби дәслепки тергеў мәселесине жетерли итибар бермеў исти толық тергеў қылыўға кесент етеди, буны болса суд додалаўында толықтырыў мүмкиншилиги болмайды»[4], деп баҳалы пикирлерин билдирип өтеди.

Айырықша итибар қаратыўымыз лазым болган мәселелердиң бири, бул тергеўшиниң бийғәрезлиги судьялардың бийғәрезлигинен парық қылыныўы болып саналады. Судьяларға ҳеш ким, мәмлекеттиң ҳеш бир органы, ҳәтте жоқары турыўшы суд та олардың өндирисиндеги исти қалай шешиў бойынша көрсетпелер бере алмайды. Тергеўшиге болса прокурор жынаят исиндеги ҳәр қандай мәселе бойынша көрсетпелер береди ҳәм бул тергеўши ушын мәжбүрий болып есапланады.

Бирақ бул көрсетпелер еки шәрт негизинде мәжбүрий болып есапланады. Бириншиден, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 70.
[2] Уголовный процесс: учебник. Под. ред. Л.М.Карнеева. - М.: Юридическая литература, 1980. – Б. 237.
[3] Чельцов М.А. Уголовный процесс.- М.: Госюриздат, 1951. - Б.227.
[4] Карев Д.С., Савгиров Н.М. Возбуждение и расследование уголовных дел.- М.: ВШ, 1967. – Б. 4-5.

кодексиниң 37-статьясы үшинши бөлими, сондай-ақ 382-статьясының үшинши ҳәм төртинши бөлимлерине муўапық прокурордың көрсетпелери тек жазба түрде берилген болса, тергеўши ушын мәжбүрий болып есапланады. Бул техникалық талап емес, ал процессуал-ҳуқықый талап болып, оның мәниси соннан ибарат, прокурор тергеўшиге өз көрсетпелерин жазба түрде дүзип, соның менен олардың нызамлылығын ҳәм тийкарлылығын және тергеўши тәрепинен олардың орыланыўы нәтийжесинде келип шыққан ақыбет ушын да жуўапкер болады. Прокурордың жазба көрсетпелери процессуал ҳүжжет болып, иске қосып қойылады. Екиншиден, прокурор тәрепинен берилген көрсетпелер ҳәр түрли тергеў ҳәрекетлерин өткериў ҳаққында усыныс мазмунында берилип, тергеўшини ис ҳалатлары бойынша белгили бир жуўмақ шығарыўға мәжбүр етпесе де, тергеўши ушын мәжбүрий болып есапланады. Буның мәниси соннан ибарат, егер прокурор тергеўшиге ол яки бул ҳалатты анықлаўды, мәселе бойынша экспертиза өткериўди, қандай да бир шахсты сораў қылыўды усыныс етсе, тергеўши бундай көрсетпелерге разы болмаса да оларды тоқтатпастан орынлаўы лазым[1].

Лекин, жынаят-процессуал нызамшылыққа муўапық, тергеўши кейин-ала бул көрсетпелер үстинен жоқарғы прокурорға шағым берилиўи мүмкин. Егер прокурор берген көрсетпелер тергеўдиң мазмуны ҳәм нәтийжесине тийисли болса, онда прокурор тергеўшиниң өз исенимине қарсы шығыўына мәжбүр ете алмайды. Сонлықтан Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 36-статьясы үшинши бөлимине муўапық, тергеўши прокурордың: шахсты иске айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққындағы; жынаятты квалификация қылыў; айыплаў көлемин белгилеў; қамаққа алыў тәризиндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққындағы илтимаснаманы қозғатыў; амнистия актине муўапық жынаят исин

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 72.

қозғатыўдан бас тартыў ҳаққындағы ямаса жынаят исин тамамлаў ҳаққында судқа илтимаснама киритиў бойынша прокурорға усыныў киргизиў; исти судқа жибериў; исти тамамлаў; тамамланған жынаят исин қомысша тергеўге қайтарыў ҳаққындағы көрсетпелерине разы болмаса, өз қарсылықларын жазба түрде баян еткен ҳалда жоқары турыўшы прокурорға бериўге ҳақылы.

Бундай жағдайда төменги прокурордың көрсетпесин жоқарғы прокурор өз қарары менен я бийкарлайды ямаса ис бойынша тергеў жүргизиўди басқа тергеўшиге тапсырады. Жынаят-процессуал нызамның бул тәртибин булжытпай орынлаў тергеўшиниң ҳақыйқатында да еркин ҳәм бийғәрез болыўына кепиллик береди. Тергеўши прокурор көрсетпелериниң техникалық орынлаўшысы емес, ол бийғәрез процессуал шахс, ол нызам менен ҳуқық ҳәм миннетлер жүкленген жынаят-процессуал жумысларының бийғәрез субъекти болып есапланады.

Белгили болғанындай, дәслепки тергеў басқышындағы тийкарғы дәлиллеўши субъект – бул тергеўши болып табылады. Ис ушын әҳмийетли болған ҳалатларды толық, ҳәр тәреплеме ҳәм қалыс тексериў бойынша талаплар дәслепки тергеў органлары ушын да мәжбүрий болып есапланады. Яғный, тергеўши судта ҳүким шығарыў ушын тийкар болатуғын мәселелерди шешиў ушын зәрүр ҳәм жетерли дәлиллерди топлаўы керек.

Дәслепки тергеў органларының жынаятларды ашыўда тутқан орны олардың жынаят процессинде қандай процессуал статусқа ийе екенлиги ҳәм қандай процессуал функцияны орынлаўына байланыслы болады[1]. Процессуал әдебиятларда бул мәселе бойынша ҳәр қыйлы пикирлер билдирилген. Гейпара алымлар тергеўшиниң жумыслары қаралаўшы (айыплаўшы) мазмунда ҳәм ҳәтте буның менен дәлийиллерди топлаўда айыплаў тәрепине жан басыўы туўралы пикир билдиреди. Басқа илимпазлардиң пикиринше, тергеўшиниң жумыслары айыплаў, қорғаў ҳәм

[1] Салиев Ю. Раскрытие преступлений как уголовно-процессуальная функция: учебное пособие.-Т.: 1991. – Б. 40-45.

исти шешиў функцияларын өз ишине алады. Тағы бир қатар илимпазлардың пикиринше, тийкарынан тергеўшиниң жумыслары еки бөлимнен турады: 1) исте айыпланыўшы жүзеге келгенше тергеўши жынаятты ашады; 2) шахсқа айыплаў жәрияланғаннан кейин бул шахсты айыплайды ямаса бир ўақыттың өзинде оны қорғайды да.

Бул көзқараслар тергеўдиң толық, ҳәр тәреплеме ҳәм қалыслығы туўралы басланғыш қағыйдаларды умытып, тергеўшиниң бирден-бир деп есапланған жумысларын бөлимлерге ажыратып таслайды.

Тергеўшиниң жумыслары, әлбетте, ис ушын «бийтәреп» болған фактлерди анықлаўға емес, ал ҳақыйқый ҳалатларды анықлаўға қатарылған болыўы лазым. Демек, тергеўшиниң жумысларын қандай да бир бөлимлерге бөлиў емес, ал пүтин бир жумыс деп қараў лазым. Тергеўши тек ғана тергеў функциясын әмелге асырады. Оның негизинде дәслепки тергеўде әмелде болатуғын улыўма шәртлер топланған болады.

Тергеўши өз жумысларында бийғәрез болса да, оған тергеў басқармасы (бөлими) баслығы басшылық етеди. Ишки ислер ҳәм миллий қәўипсизлик хызмети органларында тергеў басқармасы (бөлими) баслығы болып – айырықша лаўазымлы шахслар болса, прокуратура органларында тергеў басқармасы (бөлими) баслығы болып – прокурор есапланады.

Тергеў басқармасы, бөлими, бөлимшеси, топардың баслығы ҳәм оның орынбасары өз ўәкилликлери шеңберинде жынаятларды ашыў ҳәм олардың алдын алыў бойынша тергеўшилердиң өз ўақтында ҳәрекет етиўин қадағалап турады, жынаят ислери бойынша дәслепки тергеўди толық, ҳәр тәреплеме ҳәм қалыс алып барылыўын тәмийинлейди. Тергеў органының баслығы ҳәм оның орынбасары ислерди тексерип көриўге, сондай-ақ, дәслепки тергеў өткериў, шахсты исте айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў, жынаятқа сыпатлама бериў ҳәм айыплаў көлемин және истиң бағдарын белгилеў, айырым тергеў ҳәрекетлерин өткериў туўралы тергеўшиге

көрсетпелер бериўге, исти бир тергеўшиден екиншисине тапсырыўға, сондай-ақ, тергеўшиниң ўәкилликлеринен пайдаланып, дәслепки тергеўди жүргизиўге қатнасыўға ҳәм дәслепки тергеўди жеке өзи алып барыўға ҳақылы. Тергеў органы баслығы ҳәм оның орынбасары ис бойынша тергеўшиге берген жазба көрсетпелери тергеўши ушын мәжбүрий болыр есапланады.

Соны да көзде тутыў керек, тергеў басқармасы (бөлими) баслығы өз қарарлары менен тергеўшиниң қарарларын бийкарлай алмайды, бундай ҳуқық тек прокурорға берилген. Буннан тысқары, тергеўши ҳәм тергеў басқармасы (бөлими) баслығы арасында тартыслы мәселелер бойынша ақырғы сөз прокурорға тийисли болады.

Тергеўши төмендеги жағдайларда жынаят исин жүргизиўде қатнасыўға ҳақылы емес ҳәм оннан бас тартыўы лазым: бирнишиден, ол усы ис бойынша жәбирлениўши, пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер, эксперт, қәнийге, аўдармашы, гүўа, қалыс, қорғаўшы сыпатында, гүман қылыныўшы, айыпланыўшының нызамлы ўәкили яки жәбирлениўшиниң, пуқаралық даўагердиң, пуқаралық жуўапкердиң ўәкили сыпатында исте қатнасып атырған болса ямаса бурын қатнасқан болса; екиншиден, тергеўши усы исти жүргизиў ушын жуўапкер болған қандай да бир лаўазымлы шахстың яки жоқарыда көрсетилген өзге шахслардың тууысқаны болса; үшиншиден, тергеўшиниң қалыслығына ҳәм бийғәрезлигине гүман туўдыратуғын басқа жағдайлар бар болса.

Тергеўшиниң өз процессуал миннетлерин орынлаўы, егер усы ис қосымша тергеў жүргизиў ушын жиберилетуғын болса, дәслепки тергеў жүргизиўге қайшы келмейди. Егер, Жынаят-процессуал кодексиниң 76-статьясының биринши бөлиминде көрсетилген тийкарлардан биреўи бар болса, тергеўшиниң өзи исти жүргизиўден бас тартыўы шәрт.

Жынаят иси қурамалы, көп мийнетти талап ететуғын, жүдә әҳмийетли болса, прокурор яки тергеў бөлимшесиниң баслығы тап усы ис бойынша

арнаўлы тергеў топарын қарар тийкарында дүзеди. Тергеў топары басшысы Жынаят-процессуал кодекстиң 355-статьясында белгиленген ўәкилликлерден пайдаланады. Тергеў топары басшысы хәр бир хәрекет хәм карардың нызамлы хәм тийкарланған болыўы ушын толық жуўапкер болады. Соның менен бирге:

1) исти өзи басшылық етип атырған тергеўшилерге бөлистирип береди, олардың хәр бири орынлайтуғын ис бөлеги яки тергеў бағдарын белгилейди, айырым тергеў хәрекетлерин орынлаўды тапсырып, оларды орынлаў мүддетин белгилейди;

2) жеке өзи тергеў хәрекетлерин орынлайды хәм басшылығы астындағы тергеўшилер өткерип атырған айырым тергеў хәрекетлеринде қатнасады;

3) қарарлар шығарады, соның ишинде шахсты исте айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў, қамаққа алыў, исти толығы менен әки оның бир бөлегин сапластырыў ямаса тоқтатыў хаққында қарарлар шығарады;

4) прокурордың көрсетпелериниң орынланыўын тәмийинлейди, ЖПК 36-статьясы 3-бөлиминде көзде тутылған жағдайларда исти өз қарсы пикирлери менен қоса жоқарғы прокурорға жибереди;

5) сорастырыў органына тергеў хәм излеў ислерин жүргизиў туўралы тапсырмалар хәм көрсетпелер береди, сондай-ақ, оннан тергеўшилер орынлап атырған тергеў хәрекетлерин өткериўге жәрдем бериўди талап етеди, өзиниң тапсырмалары, көрсетпелери, талапларының орынланыўын бақлап барады;

6) жынаят себеплери хәм оның исплениўине мүмкиншилик берген шәрт-шараятларды с апластырыў илажлары туўралы усынаснамалар жибереди;

7) айыплаў жуўмағын дүзеди ямаса медициналық бағдардағы мәжбүрлеў шараларын қолланыў ушын исти судқа жибериў туўралы қарарлар шәғарады хәм тастыйықлаў ушын оларды ис пенен бирге прокурорға жибереди.

Топар ағзалары болған тергеўшилер болса топар басшысының тапсырмасын, көрсетпесин нызамға қылап хәм тийкарсыз деп есапласа

өзлериниң қарсы пикирлерин бериўге ҳақылы. Топар басшысы болса бул қарсы пикирлерди көрип шығып, яки өз тапсырмасы ҳәм көрсетпелерин бийкар етеди ямаса оны орынлаў ушын басқа тергеўшиге береди яки оны өзи орынлайды. Топар басшысының қарарынан наразы болған тергеўши прокурорға шағым етиўге ҳақылы. Прокурор болса үзил-кесил қарар қабыл етеди. Айырым жағдайларда бир тергеў ҳәрекетин бир неше тергеўшилер орынлайды. Бундай жағдайда тап усы тергеў ҳәрекетин өткериў ушын жуўапкер болған тергеўши тайынланады.

Жынаят исин тоқтатыў ўәкиллигине ийе лаўазымлы шахслар ҳәм олардың процессуал статусын анықлаў мәселесинде тергеўши ҳәмде сорастырыўшы арасындағы процессуал-ҳуқықый қатнасықларға да айрықша итибар қаратыўымыз лазым. Егер тергеўшиге сорастырыў органы тәрепинен шахсы анықланбаған жынаят иси берилген болса, бунда сорастырыў органы жынаятты ашыў, жынаятшыны услаў ҳәм анықлаўға қаратылған оператив-қыдырыў ҳәрекетлеринде мәжбүрий қатнасады. Сорастырыў органлары ушын жынаятты  ашыўдың өзи жетерли емес, себеби олардан жынаяттың ким тәрепинен исленгенлигин анықлаў да талап етиледи. Сорастырыў органы тергеўшиниң тапсырмаларын күтпестен, оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин даўам еттириўи шәрт[1].

Айыпланыўшы шахс анықланған жынаят ислери тергеўшиге өткерилгеннен кейин сорастырыўшы тергеўшиниң тапсырмасысыз ҳеш қандай илажлар қабыл етиўге ҳақылы емес. Бундай жағдайда сорастырыў органының ўазыйпасы тергеўши жүргизип атырған ис бойынша оның айырым тапсырмаларын орынлаў жәнe тергеўшиге оның тергеў ҳәрекетлерин орынлаўында көмеклесиў миннетлемесинен ибарат.

Жынаят процессуал нызамына муўапық, сорастырыўшы тергеўшиниң тергеў ҳәм излеў ҳәрекетлерин алып барыў туўралы тапсырмаларын орынлаў

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 525-533.

шәртлери, тәртиби ҳәм мүддетлери туўралы көрсетпелерине муўапық орынлайды.

Тергеўшиниң бундай тапсырма ҳәм көрсетпелери сорастырыўшы ушын мәжбүрий болып есапланады. Тергеўшиниң тапсырмасы дегенде, ол яки бул тергеў ҳәрекетлерин өткериў туўралы көрсетпениң мазмуны ҳәм оны орынлаў тәртибине қаратылған усыныснама баянлаўы түсиниледи. Тапсырманы белгиленген мүддетте орынлаўдың мүмкиншилиги болмаса, сорастырыўшы бул туўралы тергеўшиге хабар береди ҳәм орынлаў мүддетин узайтыўды яки орынлаў шәртлерин ҳәм усылларын өзгертиўди усыныс етеди.

Тергеўшиниң талабына муўапық сорастырыўшы тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўде оған жәрдем бериўи, сондай-ақ, жынаят иси ушын турақлы әҳмийетке ийе болыўы итимал қылынған ҳүжжетлер ҳәм басқа материалларды олар менен танысып шығыўы яки иске қосып қойыўы ушын бериўи шәрт.

Тергеўши өзиниң барлық тапсырмалары, көрсетпе ҳәм талапларын сорастырыўшыға сорастырыў органының баслығы арқалы жибереди. Сорастырыўшы тергеўшиниң тапсырма, көрсетпе ҳәм талапларын орынлай отырып, оның менен ҳуқықый мүнәсибетке, яғный өз-ара байланысқа кириседи, Жынаят процессуал нызамында олардың байланысыў куралы формасына қарап белгиленеди.

Тергеўшиниң сорастырыўшы ҳәм сорастырыў органы менен өз-ара байланысы – бул нызам тийкарында белгиленген, бир-бирине административлик тәртипте бойсынбаған жағдайдағы бирге ислесиў болып, олар қолланатуғын қураллар ҳәм усыллар дурыс болыўын тәмийинлеў ушын келисип ҳәрекет етеди. Өз-ара байланыслылық белгили принциплер негизинде шөлкемлестириледи. Сорастырыў органы ҳәм тергеўшиниң өз-ара байланысының биринши принципи – бул оның сыртқы тәрептен нызамды

сақлаўы болып есапланады. Өз-ара байланыслылық жынаят-процессуал нызамы тийкарында шөлкемлестириледи ҳәм орынланады.

Тергеўши ҳәм сорастырыў органының өз-ара байланысиниң екинши принципи – олар арасындағы ўәкилликлердиң шегараланғанлығы, яғный өз-ара ҳәрекетти шөлкемлестириў процессинде бул органлар қосымша ҳуқықларды ала алмайды. Тергеўшиге сорастырыў органының (оператив-қыдырыў) ҳәрекетлеринде қатнасыў ҳуқықы берилмеген, себеби сорастырыў арнаўлы тактик усыллардан пайдаланған ҳалда өткериледи. Сорастырыў органы тергеўшиниң тапсырмасысыз айырым жынаят ислери бойынша тергеў ҳәрекетлерин өткере алмайды.

Өз-ара ҳәрекеттиң үшинши принципи тергеўшиниң сорастырыўды әмелге асырыўдағы шөлкемлестириў ўазыйпасы болып табылады. Юридикалық әдебиятларда усы принцип өз-ара ҳәрекеттеги тергеўшиниң басшылық орны деп те жүргизиледи. Демек, өз-ара ҳәрекетте шөлкемлестириў ҳәм процессуал тәрептен бийғәрез еки орган – тергеў ҳәм сорастырыў органы қатнасады, өз-ара ҳәрекеттеги тергеўшиниң шөлкемлестириў орны соннан ибарат, ол өз-ара ҳәрекетти өткериўде басламашы болады. Жынаят иси қозғатылғаннан кейин дәслепки тергеўди өткериў процессинде өз-ара ҳәрекет туўралы баслама да ҳәм тергеўши, ҳәм сорастырыўшы тәрепинен жүргизилиўи керек.

Тергеўши ҳәм сорастырыў органларының өз-ара ҳәрекетлериниң төртинши принципи оператив-қыдырыў жумысларын ҳәм дәслепки тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўда материалларды әшкара етпеў болып есапланады. Сорастырыў органларының хызметкерлери өз-ара ҳәрекетти әмелге асырыў процессинде тергеўшиге оператив-қыдырыў жумысларының усылларын ҳәм қуралларын қолланған ҳалда алынған мағлыўматларды мәлимлейди. Бундай тергеў ҳәрекетлерин өткериўде оның дереги әшкара болыўы қәўпи болады. Соны да итибарға алыў керек, тергеўшиге оператив-

қыдырыў жумысларының материаллары, оларды алыў усыллары ҳәм дереклери көрсетилмеген ҳалда танысыў ушын бериледи. Буннан тысқары, тергеў ҳәрекетлерин өткериў процессинде оператив-қыдырыў жумыслары усылларының әшкара болыўының алдын алыў мақсетинде тергеўши усы оператив мағлыўматларды алған оператив-қыдырыў хызметкерлеринен бул бойынша мәсләҳәтлер алады. Мәселен, тергеўши жынаятшыны тинтиў процессинде, оператив мағлыўматлар тийкарында изленип атырған объекттиң қай жерде екенлигин алдын-ала билсе де, оның алдына барып, дәрҳал алып қоймаўы, ол предметти тап өзиниң излеў, излениў ҳәрекетлери негизинде тосаттан таўып алғандай болыўы керек.

Улыўма алғанда, излеў ҳәрекетлери жынаят ислеген шахсты қыдырып табыў ҳәм процессуал ҳарекетлерди даўам еттириўден ибарат.[1]

Тергеўши ҳәм сорастырыў органының өз-ара ҳәрекетиниң бесинши принципи – бул сорастырыў органының өз-ара ҳәрекетти әмелге асырыўдағы усыл ҳәм қуралларды өз бетинше таңлаўы болып есапланады. Бул сонны аңлатады, оператив-қыдырыў илажларынан пайдаланыў зәрүр болған жағдайларда тергеўши сорастырыў органының алдына жасырынған жынаятшыны излеў, айыпланыўшыны табыў, жынаят ислеў қуралларын анықлаў, урланған мүлкти табыў ўазыйпасын қатаң қойыўы мүмкин. Бул ўазыйпаларды қандай қураллар яки усыллар менен шешиўди сорастырыў органларының хызметкерлери өзлери белгилейди.

Тергеўши ҳәм сорастырыў органының жынаятларды тергеў қылыўдағы өз-ара ҳәрекетлери нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлери ҳәм белгиленген формалар негизинде әмелге асырылады. Бундай бирге ислесиў келисилген жумысларды әмелге асырыўда және тергеўши ҳәм сорастырыў органлары хызметкерлери арасында анық мүнәсибетти тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе. Өз-ара ҳәрекет формаларының еки түри бар: процессуал ҳәм

[1] Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят иши бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б 159.

шөлкемлестириў формалары. Өз-ара ҳәрекеттиң процессуал формасы тиккелей жынаят-процессуал нызамында көрсетилген, мәселен: тергеўши сорастырыў органы менен төмендеги өз-ара ҳәрекетлерди әмелге асырады:

- тергеўшиниң тапсырмасына муўапық сорастырыў органлары тәрепинен тергеў ҳәм излеў ҳәрекетлерин орынлаў;
- тергеўши тәрепинен тергеў ҳәрекетлерин жүргизиўге сорастырыў органлары ўәкиллерин тартыў;
- тергеўшиниң қарарын сорастырыў органларының орынлаўы;
- сорастырыў органлары тергеўшиниң талабына муўапық танысып шығыў яки жынаят исине қосып қойыў ушын ҳүжжетлер ҳәм басқа да материалларды береди. Булар турақлы әҳмийетке ийе болыўы лазым (Жынаят-процессуал кодексиниң 264-343-статьялары).

Өз-ара ҳәрекеттиң шөлкемлестириў формасы жынаят-процессуал нызамда көрсетилмеген. Ол жынаятларды тергеў қылыўдағы өз-ара ҳәрекетти әмелге асырыў процессинде жүзеге келеди ҳәм жынаят иситы тергеў қылыў барысында тергеўши менен сорастырыў органы оператив хызметкерлериниң ҳәр түрли мүнәсибетлерин белгилейди. Бундай мүнәсибетлер процессуал нызам тийкарында әмелге асырылады, әмелиятта өз-ара ҳәрекеттиң төмендеги шөлкемлестириў формаларынан пайдаланылады:

- ўақыя болған орынға тергеўши ҳәм сорастырыў органы хызметкерлериниң бирге шығыўы;
- тергеўшиниң сорастырыў органына аўыр яки оғада аўыр жыанят туўралы хбар бериўи;
- аўыр ҳәм қурамалы ислерде тергеўши тәрепинен оператив топарлар шөлкемлестирилиўи;
- тергеў ҳәм оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин келисип жобаластырыў;

- жынаятларды тергеў қылыўда мағлыўматлар бойынша өз-ара пикир алмасыў;
- жынаяттың алдын алыў ҳәрекетлерин өткериў ҳәм халық алдында шығып сөйлеўлер.

Тергеўши сорастырыў органына тапсырмалар бериўде сорастырыў органы хызметкериниң ўәкиллигин итибарға алыўы лазым. Егер тергеўши сорастырыў органы хызметкерине қандай да бир излеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўды тапсырмаған болса, тапсырылмаған ҳәрекет талап етилмейди де. ЖПКде қандай тергеў ҳәрекетлерин сорастырыў органы хызметкерлерине тапсырыў мүмкинлиги көрсетилмеген.

Тиккелей жынаят жүз берген орындағы өз-ара ҳәрекетлер төмендегише шөлкемлестириледи: оператив-қыдырыў топарының баслығы тергеўши менен ойласып, ол ўақыя болған орынды көзден кеширеди. Сорастырыў органы хызметкери гүўаларды анықлайды, излер бойынша жынаятшыларды излеўды шөлкемлестиреди, булар анықланған жағдайда жынаятшы услап турылады. Сорастырыў органының хызметкери өз ўазыйпаларын атқарыў процессинде тергеўши, профиликтик хызметкерлер ҳәм аймақ инспекторы ҳәм басқалар менен өз-ара байланыста ҳәрекет етиўи керек.

Соның менен бирликте, жынаят исин қозғатыў тәртип ҳәм қайғыйдаларына айрықша итибар қаратыўымыз лазым. Жынаят-процессуал нызамы жынаят исин қозғатыў ҳуқықына ийе болған лаўазымлы шахслардың дизимин береди. Буларға прокурор, тергеўши ҳәм сорастырыўшы киреди. Сондай-ақ, оларға тергеў бөлиминиң баслығы, прокурор орынбасары ҳәм жәрдемшилери, сорастырыў органының баслығы киреди. Солай етип, жынаят исин қозғатыў ўәкиллигине ийе болған шахслардың толық дизими төмендегише болады: прокурор, прокурор орынбасары, прокурор жәрдемшиси, тергеў бөлиминиң баслығы ҳәм оның орынбасары, тергеўши, сорастырыў органының баслығы ҳәм сорастырыўшы.

Мәмлекеттиң ол яки бул органы ямаса лаўазымлы шахсы жынаят исин қозғатыўға ҳақылы емес. Нызам атап өтилген лаўазымлы шахсларға жынаят исин қозғатыў бойынша ҳуқық бермесе де, лекин миннетлеме жүклейди. Прокурор, тергеўши ҳәм сорастырыўшы жынаят белгилери анықланған ҳәр бир ҳалатта жынаят белгилерин үйрениў, жынаят ислеўде айыплы болған шахсларды аныќлаў ҳәм оларды жазалаў бойынша нызамда көрсетилген шараларды көрип, нызамда белгиленген тәртипте жынаят исин қозғатыўға мәжбүр. Бирақ айырым жынаятлар, айтайық, намысына тийиў ҳәм жынысый талапты зорлық ислетип, ғайрытәбийый усылда қандырыў бойынша жынаят исин қозғатыў ушын айыплы шахсты жынайый жуўапкерликке тартыў туўралы жәбирлениўшиниң талабы болыўы зәрүр. Айырықша жағдайларда жәбирлениўши нашар аўҳалда болғанлығы себепли айыпланыўшыға бағынышлы болғанлығы яки басқа себеплерге бола ҳуқықын ҳәм нызамлы мәплерин жеке өзи қорғай алмайтуғын айырықша жағдайларда прокурор жәбирлениўшиниң арзасысыз да бундай жынаят исин қозғатыўы мүмкин.

Бундай ислер жеке-улыўма айыплаў ислери деп те жүритиледи. Бунда жынаят исин қозғатыў жеке, яғный тек ғана жәбирлениўшиниң шағым арзасы менен болады, лекин исти жүргизиў болса улыўма тәртипте алып барылады.

Айрықша итибар қарататуғын мәселе соннан ибарат, жынаят исин қозғатыў ўақтында, әлбетте, айыпсызлық презумпциясы сақланыўы лазым. Бул мәселе белгили юрист-алым, проф. З.Ф.Иноғомжонова тәрепинен айтып өтиледи[1].

Жынаят исин қозғатыў ушын нызамлы себеплер ҳәм жетерли тийкар болыўы керек. Жынаят исин қозғатыў ушын себеплер дегенде, пуқаралар, жәмәәтлер, жәмийетлик бирлеспелер, ўәкилликли органлар ҳәм лаўазымлы шахлар тәрепинен жынаят туўралы алынатуғын хабарды, яғный жынаят исин

---

[1] Иноғомжонова З.Ф. Инсон ҳуқуқлари кафолати сифатида айбланувчининг айбсизлиги презумпцияси // Фан ва ёшлар. – 2008. 4-сон. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 4-6.

қозғатыў мәселесин шешиўге мәжбүр ететуғын деректи түсиниў керек. Тийкар болса жынаят белгилери көрсетилген мағлыўмат болып есапланады. Бунда жынаяттың объектив тәреплери ҳәм объектиниң анықланыўы жетерли болып есапланады. Жынаят-процессуал кодексиниң 322-статьясына муўапық, тийкарынан жынаят исин қозғатыў ушын төмендегилер себеп болады:

1) шахслардың арзалары;

2) кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм лаўазымлы шахслар берген хабарлар;

3) ғалаба хабар қураллары берген хабарлар;

4) жынаят исленгенлигин көрсетиўши мағлыўматлар ҳәм излерди сорастырыў органы, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор яки судтың тиккелей өзи анықлаўы;

5) айыбын мойнына алыў туўралы арза.

Жынаят-процессуал кодексиниң 323-статьясына муўапық, жынаят ҳаққындағы имзасыз, қәлбеки имзалы яки ядтан ойлап табылған шахс атынан жазылған хат, арза яки басқа аноним хабарлар жынаят исин қозғатыў ушын себеп бола алмайды.

Жынаят исин қозғатыўда шахслардың арзалары кең тарқалған. Шахслардың жынаят ҳаққындағы арзалары жазба яки аўызеки болыўы мүмкин. Егер де аўызеки арза берилсе, бул протоколға жазып қойылады ҳәм онда арза бериўшиниң жасаў ҳәм жумыс орны, сондай-ақ, жеке ҳүжжетлери туўралы мағлыўматлар көрсетилиўи лазым. Егер арза бериўши ҳүжжет көрсете алмаса, оның шахсы туўралы мағлыўматлар басқа жоллар менен тексерип көриледи. Арза бериўши жынаят ҳаққында билқастан жалған хабар бергени ушын Жынаят-процессуал кодексиниң 237-статьясына муўапық жынайый жуўапкерликке тартылыўы ҳаққында ескертиледи ҳәм бул туўралы протоколға жазылып, оның имзасы менен тастыйықланады. Кейин протоколда жынаят ислеў ҳалатлары туўралы мағлыўматлар арза бериўши

атынан илажы барынша сөзбе-сөз жазылады. Протоколға арза бериўши ҳәм арзаны қабыл еткен лаўазымлы шахс қол қояды.

Егер де айыпты аўырластырмайтуғын ҳалатларда намысқа тийиў ҳәм жынысый талапты ғайрытәбиййый усылда қандырыў туўралы жынайый ис көрилип атырған болса, бунда жәбирлениўши оны зорлаған шахсты жуўапкерликке тартыўды сорап, жазба ямаса аўызеки арзаны өз қәлеўи менен бериўи керек.

Кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм лаўазымлы шахслар тәрепинен жынаят туўралы берилген хабар хызмет хаты ямаса тастыйықланған телефонограмма, телеграмма ямаса радиограмма формасында болыўы лазым.

Бундай хабарлар кәрхана, мәкеме, шөлкемниң жумыс процессинде алынған жынаят туўралы мағлыўмат болса ғана жынаят исин қозғатыў себеби сыпатында хызмет етеди. Хабар бериўши исленген жынаятқа тийисли ҳалатларды тастыйықлаўшы өз ықтыярындағы ҳүжжетлерди хабарға қоса тигиўи мүмкин. Медициналық мәкеме хызметкерлери пышақ, оқ атар қураллардан жараланған және жынаятқа байланыслы дене жарақатларын алғанлығы себепли медициналық жәрдем сорап мүрәжат еткен ҳәр қандай пуқаралар туўралы дәрҳал милицияға хабар етиўге мәжбүр.

Сондай-ақ, белгили бир жынаят туўралы баспасөз, радио ҳәм телевидение, ҳүжжетли фильмдеги, сондай-ақ, ғалаба хабар қуралларына жиберилген, лекин жәрияланбаған хатлардағы хабарлар жынаят исин қозғатыўға себеп болады.

Исленген жынаятлардың белгилери қандай да бир арза яки хабарларсыз, тиккелей сорастырыў органы, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор яки суд тәрепинен анықланатуғын жағдай да жынаят исин қозғатыў ушын тийкар болады. Сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд органлары жынаятшылыққа қарсы гүресте белсендилик пенен қатнасыўға тек ғана ғана лаўазымлы шахслар тәрепинен мүрәжат етилгеннен ямаса исленген

жынаятлар туўралы хабарлар түскеннен кейин емес, ал таярланып атырған ямаса исленген жынаятларды анықлағанда жынаят исин қозғатыўға мәжбүр.

Сондай-ақ, сорастырыўшы административлик ўазыйпаны атқарып атырғанда яки басқа жынаятқа тийисли ис бойынша сорастырыў өткериў ўақтында, тергеўши дәслепки тергеў жүргизиў ўақтында, прокурор нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў жүргизиў пайтында яки дәслепки тергеў жүргизиў ўақтында, судья административлик ҳуқықбузарлыққа тийисли ислерди жүргизиў ўақтында, суд пуқаралық исти ямаса басқа жынаятқа тийисли исти жүргизиў ўақтында жынаятқа тийисли мағлыўматларды анықлаўы жынаят исин қозғатыўға себеп болады.

Айыбын мойнына алыў туўралы арза дегенде, арза бериўшиниң өзи ислеген жынаяты туўралы жынаят ислеўде гүман қылынбастан, айыплаў жәрияланбастан алдын жынаят исин қозғатыў ўәкиллигине ийе органға барып, аўызеки ямаса жазба хабар бериўи түсиниледи. Сорастырыўшы, тергеўши, прокурор яки судья арзаны қабыл етип алғаннан кейин арза бериўшиниң шахсын анықлаўы ҳәм бул туўралы протокол дүзиўи лазым. Усы протоколда арза бериўшиниң шахсы, жасаў ҳәм жумыс орны туўралы мағлыўматлар көрсетилиўи керек. Протоколға арза қоса тигилип, арза бериўшиге айыбын мойнына алыўы, шын кеўилден пушайман болыўы, жынаятты ашыўда белсене қатнасыўы жуўапкерликти жеңиллестириўши ҳалат екенлиги туўралы түсиндириледи. Арза бериўши жалған хабар берген арзасы ушын ескертилмейди. Ҳәр бир айыбын мойнына алыў туўралы арза жалған ҳәм келисилген болыўы мүмкин, сонлықтан ол пухталық пенен тексерилиўи, соңынан баҳаланыўы лазым. Себеби, шахсты айыпланыўшы сыпатында иске тартыў ўақтында, юрист-алым Н.Қўшаевтың айтып өткениндей, «дәлиллер ҳәртәреплеме тексерилиўи ҳәм баяннамада өз орнын алыўы шәрт»[1].

[1] Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисидаги қарорда далиллардан фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. – 2009. 1-сон. – Т: ТДЮИ, 2009. – Б. 93-95.

Жынаят ислеген шахс, оның айыбы жынаятты қастан яки абайсызлықтан исленгенлиги ҳәм басқа дәлийиллениўи лазым болған ҳалатлар дәслепки тергеў процессинде анықланады. Жынаят исин қозғатыў басқышы жыанятты тек белгиси бойынша ғана квалификациялайды.

## §.3. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққында қарар

Дәслепки тергеўди тоқтатыўға жетерли тийкарлар болған жағдайда тергеўши жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққында қарар шығарады ҳәм оның нусқасын прокурорға жибереди.

Дәслепки тергеў тек ғана айыпланыўшы сыпатында иске тартыў ушын тийкарлар ҳәм дәлиллер болғанда ғана тоқтатылыўы мүмкин, егер бундай дәлиллер болмаса, онда жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатып турыў туўралы емес, ал жынаят исин тамамлаў ҳаққында қарар шығарылыўы керек[1].

Тергеўши дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққындағы қарарды ғәрезсиз тәртипте қабыл етеди. Қарарда тергеўди тоқтатыў қандай тийкарларда шығарылғаны, бул тийкарлардың бар екенлигин тастыйықлаўшы дәлиллер, ис бойынша барлық зәрүрли тергеў ҳарекетлериниң әмелге асырылғанлығы, анықланыўы зәрүр болган ҳалатлар тексерилгенлиги толық көрсетиледи[2].

Дәслепки тергеўди тоқтатыў туўралы қарар тергеўши тәрепинен Жынаят-процессуал кодекстиң 369-статьясында көрсетилген талаплар тийкарында шығарылады. Бул қарар тийкарланған ҳуқықый ҳүжжет болып есапланады ҳәм онда:

---

[1] Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят иши бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б 157-159.

[2] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 582.

1) тоқтатылған жынаят иси бойынша шынында да жынаят ҳәдийсеси исленгенлиги дәлилленген болыўы, бул туўралы ис бойынша тийисли дәлиллер бар болыўы; 2) ис бойынша айыпланыўшының қатнасыўысыз әмелге асырылыўы лазым болған барлық тергеў ҳәрекетлери өткерилген болыўы, ис материаллары менен бул жағдай тастыйықланған болыўы; 3) жынаят ислеген шахсты ҳәм жынаяттан көрилген зыянды анықлаў мақсетинде барлық илажлар ҳәм қураллар орынланған болыўы шәрт. Усы шәртлediң орынланбағанлығы шығарылған қарардың тийкарсыз екенин билдиреди.

Қарар тийкарынан үш бөлимнен, яғный кирисиў, тийкарлаў ҳәм жуўмақ бөлимлеринен ибарат болады. Қарардың кирисиў бөлиминде: а) қарардың дүзилген орны (қала ямаса район); қарар дүзилген ўақыт (жыл, ай, күн); в) қарарды дүзген шахстың лаўазымы, арнаўлы атағы, фамилиясы, исми-шәрийпи ҳәм г) қайсы ис бойынша усы қарар шығарылып атырғанлығы (жынаят исиниң номери яки аты, кимге тийисли екенлиги) көрсетиледи.

Қарардың сыпатлаў (тийкарлаў) бөлиминде жынаят исиниң мазмуны, қандай себеплер менен исти тоқтатыў керeклиги ҳәм оны тийкарлаўшы ҳалатлар ҳәм дәлиллерди өз ишине алады. Қарардың жуўмақ бөлиминде қабыл етилген қарардың мазмуны (яғный процессуал ҳәрекет мазмуны ҳәм мақсети) дәслепки тергеўди тоқтатыў туўралы, айғақлы затларды сақлаў ҳәм иске байланыслы басқа илажлар әмелге асырылғанлығы баян етиледи. Соннан кейин қарар ға оны дүзген шахс қол қояды ҳәм оның нусқасы тийисли прокурорға жибериледи.

Егер тергеўши айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болғанлығы себепли дәслепки тергеўди тоқтатыў туўралы қарар шығарса, онда қарардың сыпатлама бөлиминде: а) жынаят исиниң мазмуны неден ибарат екенлиги; б) жынаят исин тоқтатыў тийкарлары неден ибарат екенлиги; в) айыпланыўшы сыпатында иске тартылған шахсқа тийисли мағлыўматлар көрсетилиўи зәрүр. Усы жағдайда айыпланыўшыға

байланыслы излеў де жәрияланады. Излеў жәриялаў қарарында да тап усы атап өтилгенмағлыўматлар баян етилиўи лазым.

Қарардың жуўмақ бөлиминде: 1) тергеўшиниң исти тоқтатыў ҳаққындағы қарары; 2) сорастырыў органларына излеў жәриялаў ҳаққында тапсырма (егер излеў жәриялаў туўралы өз алдына қарар қабыл етилмеген болса) көрсетилиўи керек. Қарардың кейнине тергеўши қол қояды.

Егер тергеўши дәслепки тергеўди тоқтатыўды айыпланыўшының ис жүргизиўде қатнасыўына мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы, лекин емлеўге болатуғын кеселликке шалыныўына байланыслы әмелге асырмақшы болса, онда қарардың сыпатлама бөлиминде:

1) айыпланыўшының аўыр руўхый яки абсқа түрдеги кеселлигин тастыйықлаўшы дәлиллер (шахс емленип атырған кеселханадағы врач-қәниге қатнасыўында көзден өткериў ҳәм суд-медицина экспертизасы жуўмағын алыў);

2) айыпланыўшы саўалыўы ушын қандай илажлар көрилгенлиги (стационарға жиберилгенлиги, амбулатория шараятларында емленип атырғанлығы ҳәм т.б.);

3) айыпланыўшыны усы ўақытта транспорт қуралы менен тийисли жерге алып барыўға оның денсаўлығы жол коймай атырғанлығы ҳәм оған медициналық бақлаў зәрүрлиги көрсетилиўи керек. Қарардың сыпатлама бөлиминде айыпланыўшы саўалып кеткенше оның жынаят иси тоқтатылыўы көрсетип өтиледи.

Жынаят-процессуал кодексиниң 370-статьясында тергеўшиниң дәслепки тергеў тоқтатылғаннан кейинги ҳәрекетлери баян етилген болып, онда көрсетилиўинше, тергеўши дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарларына қарап ишки ислер органлары ҳәм абсқа ўәкилликке ийе органлардан айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахсларды анықлаў, жасырынып жүрген айыпланыўшыларды излеп табыў ушын көрилип атырған илажлардан турақлы түрде хабардар болып турады ҳәм усы мақсетте өзи

сораў хатларын жибереди, мағлыўматлар ҳәм түсиндириўлер алады, жәмийетшиликтиң жәрдеминен пайдаланады ямаса айыпланыўшының дәслепки тергеўди тоқтатыўға себеп болған кеселлигинен ўақты-ўақты хабардар болып турады. Айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен жағдайларда тергеўши жынаят ислегенликте айыпланып атырған ҳәм басқа мәмлекетлер аймағында жасырынып жүрген шахсларды услап бериўди тәртипке салыўшы нызам ҳүжжетлери ҳәм халық аралық шәртнамаларға муўапық илажлар көреди.

Дәслепки тергеў тоқтатылғаннан кейин ҳәм ол қайта тикленгенге шекем тергеў ҳәрекетлерин өткериўге жол қойылмайды.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққында қарарды қабыл етиўден бурын тергеўши, егер айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болса, тийисли тәртипте излеў жәриялаўы, ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбаған болса, оны анықлаў бойынша тийисли барлық илажларды көрип, орынларға тапсырмалар жибериўи және айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен болса, егер оның тергеўге келиўин тәмийинлеў илажы болмаса, айыпланыўшының қай жерде екенлигин анықлаў ҳәм оны алып келиў бойынша тийисли оператив-қыдырыў тапсырмаларын орынларға жибериўи лазым.

Егер ис бойынша бир неше айыпланыўшы болып, олардың биреўине байланыслы тергеўди тоқтатыў тийкарлары бар болса, онда жынаят исиниң бир бөлими өз алдына өндириске ажыратылады ҳәм усы бөлим бойынша дәслепки тергеў ўақытша тоқтатылады, қалған бөлими бойынша болса тергеў даўам еттирилип, жынаят иси нызам тийкарларында көрип шығыў ушын судқа жибериледи.

Бундай жағдайларда, әлбетте, жынаят исине айыпланыўшы сыпатында тартылып атырған барлық шахслардың ҳуқык ҳәм мәплери толық қорғалыяы тийис[1].

Айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болған шахсқа байланыслы жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ушын жынаят иси материалларында жетерли дәрежеде усы жағдайды тастыйықлаўшы дәлиллер бар болыўы керек. Айыпланыўшы сыпатында иске тартылған шахс өзиниң турар жайын өзгерткени туўралы дәслепки тергеў органларына хабар бериўи шәрт болып есапланады. Айыпланыўшы өзиниң турар жайын өзгерткени туўралы хабарды турар жайын өзгерткеннен кейин аўызеки ямаса жазба түрде 24 саттан кешиктирместен бериўи талап етиледи. Усы талаптың орынланбаўы айыпланыўшыға қатаңырақ бас шарасын қолланыўға тийкар болып хызмет етиўи мүмкин. Оның өз турар жайын өзгерткени, дәслепки тергеў ҳәм судтан жасырыныў мақсетинде исленбеген болса, бул жағдай жынаят исин тоқтатыўға тийкар болмайды.

Айыпланыўшының Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткенлиги ҳәм оны тергеў әкелиў имканияты жоқ екенлиги анықланса да жынаят исин тоқтатыўға тийкар болады.

Айыпланыўшының Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткенлиги еки түрли формада, яғный нызамлы ҳәм нызамсыз болыўы мүмкин:

1) Айыпланыўшы Өзбекстан аймағынан нызамлы түрде тийисли ҳүжжетлерди рәсмийлестирип шығып кеткен болса, онда оның нызамлы түрде шығып кеткенлиги рәсмийлестирилген ҳүжжетлер менен тастыйықланады ҳәм усы ҳүжжетлер тийкарында жынаят исин тоқтатыў туўралы қарар шығарылады.

---

[1] Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисидаги қарорда далиллардан фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. – 2009. 1-сон. – Т: ТДЮИ, 2009. – Б. 93-95.

2) Айыпланыўшы Өзбекстан аймағынан нызам талапларына қарсы түрде, тийисли ҳүжжетлерди рәсмийлестирместен, тергеў ҳәм судтан қашыў мақсетинде жасырын түрде сырт еллерге қашып шығып кеткен болса, нызамсыз болады.

Дәслепки тергеў органлары тәрепинен усы себеплерге көре өз өндирисиндеги жынаят ислери бойынша, егер айыпланыўшының сырт елге шығып кетиўи мүмкин деп гүман қылынса, бул шахслар туўралы сырт елге шығыў ушын тийисли рухсатнама (тастыйықлаў) ҳүжжетлерин рәсмийлестириў менен шуғылланатуғын Ишки ислер органларына мағлыўматнама жиберилиўи ҳәм мағлыўматнама арқалы усы шахсларға тийисли рухсатнамаларды рәсмийлестириўди қадаған етип қойыў туўралы талапнама жиберилиўи лазым. Талапнама қарар түринде прокурордың тийисли рухсатнамасын алған ҳалда әмелге асырылады. Буның менен айыпланыўшының нызамлы жол менен сырт еллерге шығып кетиўиниң ҳәм усы еллерде қалып кетип, жынайый жуўапкерликтен қутылып кетиўиниң алды алынады.

Дәслепки тергеўди жүргизип атырған шахс тәрепинен айыпланыўшы табылмағанлығын бәнелеп ҳәм тийисли тергеў ҳәм излеў ҳәрекетлерин өткерместен исти тоқтатыў ҳаққында қарар қабыл етилиўи қатаң қадаған етиледи. Тергеўши тәрепинен бундай нызамсыз қарардың қабыл етилгенлиги пуқаралардың ҳуқық ҳәм мәплерине сезилерли зыян келтирилиўине себеп болған болса, хызмет тексериўи өткерилиўине себеп болыўы ҳәм тексериў нәтийжеси бойынша өз хызмет ўазыйпасына немқурайдылық пенен қаралған деп те баҳаланыўы мүмкин.

Дәслепки тергеўди тоқтатыў туўралы жоқарыда атап өтилген тийкарлар бар болса, нызамда белгиленген тәртипте дәслепки тергеўди тоқтатыў туўралы тергеўши тәрепинен қарар шығарылады ҳәм оның нусқасы тийисли прокурорға жибериледи.

Прокурор тергеўши тәрепинен қабыл етилген қарардың нызамлылығын өз ўәкилликлери шеңберинде тексерип шығып, тергеўшиниң пикирине қосылса, қарарды өзгертпейди. Тергеўшиниң қарарын нызамсыз деп тапса, онда қарарды бийкар қылып, дәслепки тергеўди тиклеў туўралы қарар қабыл етеди. Прокурор өз қарарында жынаят иси бойынша дәслепки тергеў ҳәрекетлерин тиклеў тийкарларын және орынланыўы лазым болған тергеў ҳәрекетлерин көрсетип береди. Прокурордың усы қарарына тийкарланып тергеўши дәслепки тергеўди даўам еттиреди.

Тергеўши, егер прокурор пикирине қосылмаса, онда өз пикирлерин жазба түрде баян етип, жынаят исин жоқарғы прокурорға усынады. Жоқарғы прокурор да жынаят иси материалларын ҳәм тергеўшиниң пикирлерин және төменги прокурор қарарының нызамлылығын өз ўәкилилклери шеңберинде тексерип шығады. Төменги прокурордың пикирине қосылса, қарарды орынлаў ушын тергеўшиге жибереди. Төменги прокурордың пикирине қосылмаса, онда оның қарарын бийкарлайды.

## §.4. Тоқтатылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди қайта тиклеў тәртиби

Тоқтатылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди қайта тиклеў тийкарлары Жынаят-процессуал кодекстиң 371-статьясында көрсетилген. Бул норма қағыйдаларына муўапық, тоқтатылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеў, егер, тергеўди тоқтатыў ушын тийкар сыпатында көзде тутылған ҳалатлар есапланған ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбағанлығы, айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болғанлығы, айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткенлиги ҳәм оны тергеўге келиўин тәмийинлеў имканияты болмағанлығы және айыпланыўшы исти жүргизиўде қатнасыўға мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы,

лекин емлеўге болатуғын кеселликке шалынғанлығы жағдайлары сапластырылғанда тоқтатылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеў қайта тикленеди[1].

Дәслепки тергеўди тиклеўдиң екинши тийкары – бул жынаят иси бойынша айыпланыўшының қатнасыўысыз орынланыўы мүмкин болған қосымша тергеў ҳәрекетлерин өткериў зәрүрлиги пайда болғанда қайта тикленеди. Дәслепки тергеўди тоқтатыў туўралы қарар нызамға муўапық емес болса, прокурор оны бийкарлаўы ҳәм дәслепки тергеўди қайта тиклеў туўралы қарар шығарыўы мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Жоқары суды Пленумының «Суд ҳәкимияты ҳаққында»ғы 1996-жыл 16-декабрде шығарған қарарына муўапық, жынаят иси бойынша суд қолланатуғын нызам нормасы Конституцияга туўры келиўи гүман астына алынса бул ҳаққында Жоқары судқа мүрәжаат қылып, Конституциялық судтың қарары шығаман дегенше жынаят иси бойынша суд талқылаўы тоқтатылып турылыўы лазым. Бундай ҳалат дәслепки тергеўдиң емес, суд мәжилисиниң тоқтатылып турылыўын талап етеди[2].

Тергеўши дәслепки тергеўдиң қайта тикленгенлиги туўралы прокурорға дәрҳал хабар береди. Ис бойынша дәслепки тергеў қайта тиклениўи менен бир ўақытта дәслепки **тергеў мүддети** де тикленеди. Тергеў мүддетин кейин-ала узайтыў дәслепки тергеўди тоқтатыўдан бурын өткен тергеў мүддетин есапқа алған ҳалда Жынаят-процессуал кодекстиң 351-статьясына муўапық әмелге асырылады. Усы статья талабына көре, тоқтатылған яки сапластырылған ис қайта тикленгенде қосымша тергеў мүддети тергеў жүргизиў үстинен бақлаўшы прокурор тәрепинен, усы исти тергеўши қабыл қылған ўақыттан баслап бир ай шеңберинде белгиленеди.

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.- Б. 584-585.

[2] □збекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 1996-йил 20-декабр I-сонли «Суд ҳокимияти тўғрисида» ги қарори // □збекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йй. – Т.: O'qituvchi, 2007. – Б. 61.

Бул барада айрықша итибар қарататуғын мәселе, бул дәслепки тергеўдиң мүддетлери болып саналады. Жынаятларды тез ҳәм толық ашыўда, оны ислеген шахсларды анықлаўда, айырықша тергеў ҳәрекетлерин және пүткил тергеў жумысларын орынлаў ушын белгиленген **процессуал мүддетлерди**[1] қатаң сақлаў үлкен әҳмийетке ийе.

Жынаят-процессуал нызамшылығында өз алдына тергеў ҳәрекетлериниң мүддетлери белгиленген болып, оларға қысқаша тоқтап өтиўимиз лазым. Дәслепки тергеў мүддетлери қағыйда бойынша екиге бөлинеди: нызам бойынша (Жынаят-процессуал кодекси) белгиленетуғын мүддетлер; сорастырыўшы, тергеўши, прокурор тәрепинен тайынланатуғын мүддетлер[2].

Жынаят-процессуал нызамшылығында белгиленген мүддетлер саат, сутка ҳәм айлар менен есапланады. Мүддетлерди есапқа алыўда мүддеттиң өтиўи белгиленген саат, сутка есапқа алынбайды, лекин бул қағыйда услап турыў, қамақта сақлаў ҳәм медициналық мәкемеде сақлаў мүддетлерин есаплаўға тийисли емес (Жынаят-процессуал кодексиниң 341-статьясының биринши бөлими).

Процессуал мүддетлерге сыпатлама бериўде илимпазлар арасында бирден-бир пикир жоқ. Мәселен, белгили процессуалист-алым З.Ф.Иноғомжанова процессуал мүддетлердиң баян етилиў мазмунына бола үш түрдеги нормаларға ажыратады: а) процессуал ҳәрекетлердиң дәрҳал орынланыўын белгилеўши нормалар (Жынаят-процессуал кодексиниң 321-статьясы); б) анық мүддетти белгилеўши нызам нормалары (Жынаят-процессуал кодексиниң 475-статья); в) анық мүддетлерди белгилемейтуғын нызам нормалары (Жынаят-процессуал кодексиниң 333-статья)[3].

---

[1] Процессуал мүддет – ўақыт аралығы болып, бул мүддет даўамында жынаят-процессуал ҳәрекетлер әмелге асырылыўы керек яки оларды әмелге асырыўдан □зин тыйып турыў талап етиледи // Жиноят процесси: дарслик. З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: «Янги аср авлоди», 2002. – Б. 377.

[2] Гуляев А.П. Процессуальные сроки в стадиях возбуждения и предварительного расследования: учебное пособие.- М.: 1976. – Б. 22-35.

[3] Жиноят процесси: дарслик. З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: «Янги аср авлоди», 2002. – Б. 377-379.

Дәслепки тергеўде өз алдына процессуал әмелге асырыў мүддетлерин төмендеги топарларға ажыратыў мүмкин:

1. Дәслепки тергеўдиң оператив жүргизилиўин тәмийинлеўши мүддетлер. Мәселен, жынаятқа тийисли арзалар, хабарлар ҳәм басқа мағлыўматлар дизмге алыныўы ҳәм дәрҳал ямаса үш суткадан, айырықша жағдайларда болса он суткадан кешиктирместен көрип шығылыўы керек. Жынаят-процессуал кодексиниң 331-статьясына муўапық, сорастырыў, тергеўши, прокурор жынаят исин қозғатыў ушын тийкар ҳәм себеплер бар болған жағдайда жынаят исин қозғатыўы шәрт ҳәм бул туўралы қарар шығарады. Ис қозғатылғаннан кейин узаққа созылған жынаятлардың алдын алыў ҳәм жынаятлардың тәкирарланыўына жол қоймаў, сондай-ақ, ис ушын әҳмийетли болған жынаят излери, затлар ҳәм ҳүжжетлерди беккемлеў ҳәм қорықлаў бойынша дәрҳал шара көриўи лазым.

Жынаят-процессуал кодексиниң 347-статьясына муўапық ҳәр бир тергеўши өз өндирисинде болған жынаят иси бойынша Өзбекстан Республикасы аймағының қәлеген орнында қандай да бир тергеў ҳәрекетин жеке өзи орынлаўға ямаса оны өткериўди сорастырыўшыға тапсырыўға ҳақылы. Тергеўшиниң тапсырмасында орынлаў мәжбүрий болған мүддет көрсетиледи. Тергеўшиниң тапсырмасын бул мүддет ишинде орынлаўдың илажы болмаса, тапсырма алған шахс тергеўшиге тапсырма қашан орынланыўы мүмкинлиги туўралы жазба түрде, телеграмма яки телефонограмма арқалы хабар береди ҳәм оның көрсетпелерине муўапық тапсырманы орынлаўды даўам еттиреди. Жынаят-процессуал кодексиниң 381-статьясына муўапық тергеўши айыплаў жуўмағын дүзгеннен кейин онда шешилиўи лазым болған мәселелерди көрип шығып, дәрҳал прокурорға жибереди.

2. Дәслепки тергеўде қатнасыўшы шахслардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерине кепиллик бериўши мүддетлер. Буған гүман қылыныўшы, айыпланыўшыдан сораў алыў; услап турыў; қамаққа алыў; жынаят иси

қосымша тергеўге қайтарылғанда қамақта сақлап турыў мүддетин есаплап шығыў; медициналық мәкемеде сақлаў мүддетлери киреди. Жынаят-процессуал кодексиниң 110-статьясына муўапық сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў өткериў процессинде гүман қылыныўшы, айыпланыўшы усланған, сораў алыў ушын шақырылған, қамаққа алынған яки мәжбүрий келтирилгеннен кейин дәрҳал яки жигирма төрт сааттан кешиктирместен соаў қылыныўы керек. Егер айыплаў жәриланғаннан кейин дәрҳал сораў алыўдың имканы болмаса (мәселен, айыпланыўшының тосаттан денсаўлығының жаманласыўы, оның қашыўға, жасырыныўға урыныўы ҳәм т.б.) сораў қылыў протоколында кешиктириў себеплери көрсетилиўи керек.

Егер сораў қылыў саат $22^{00}$ де тамамланбаған болса, улыўма қағыйда бойынша саат $6^{00}$ ге шекем тәнепис жәрияланады. Егер айыпланыўшының көрсетпелерин алыў яки тексериўди кешиктириў дәлийиллердиң жоғалыўына алып келиўи мүмкин болса, жынаят қатнасыўшыларын услаўға, урланған мүлкти қыдырып табыўға, жаңа жынаятлардың алдын алыўға кесент берсе, сораў алыў түнги ўақытта өткерилиўи мүмкин. Услап турыў гүман қылыныўшы қарсы оның жынайый ҳәрекетлер менен шуғылланыўын тоқтатыў, қашып кетиў, дәлийиллерди жасырыў яки жоқ қылып жибериўдиң алдын алыў мақсетинде қолланылады. Жынаят-процессуал кодексиниң 226-статьясына муўапық, услап турыў милицияға яки басқа ҳуқық қорғаў органына әкелинген ўақыттан баслап жетпис еки сааттан асып кетпеўи керек. Қыдырылып атырған айыпланыўшы усланғанда, егер оған қарсы қамақта сақлаў түринде бас шарасын қолланыў туўралы қарар болмаса, шахс услап турылған район (қала) прокуроры тергеў өткерилетуғын орынға барып тапсырыў ушын зәрүр болған, услап турыў туўралы қарар шығарыўға ҳақылы. Гүман қылыныўшы ҳақыйқый усланған ўақыттан баслап өткен ўақыт айыпланыўшының қамақта сақлаў мүддетине киргизиледи.

Жынаят ислеўде айыпланып атырған шахс тергеў қылынып атырғанда қамақта сақлап турыў мүддети үш айдан асып кетиўи мүмкин емес[1]. Бул мүддет тергеўди тамамлаўдың мүмкиншилиги болмаған жағдайларда Қарақалпақстан Республикасы прокуроры, ўәлаятлар, Ташкент қаласы прокуроры ҳәм оған теңлестирилген прокурорлардың илтимаснамаларына муўапық бес айға шекем, Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры орынбасары илтимаснамасына жети айға шекем, Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры илтимаснамасына муўапық тоғыз айға шекем, айырықша ҳалатларда Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры илтимаснамасына муўапық бир жылға шекем судлар тәрепинен узайтылыўы мүмкин.

Айырықша жағдайларда, исленген жынаяттың аўырлығын және тергеў қылынып атырған истиң қурамалылығын инабатқа алып, дәслепки тергеў мүддети Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры тәрепинен бир жылға шекем узайтылыўы мүмкин (Жынаят-процессуал кодексиниң 351-статьясы). Дәслепки тергеў мүддетине төмендегилер кирмейди: а) айыпланыўшы, қорғаўшы, сондай-ақ жәбирлениўши, пуқаралық даўагер, пуқаралық жуўапкер ҳәм олардың ўәкиллери ис материаллары менен танысып шыққан ўақыт; б) дәслепки тергеў тоқтатып турылған ўақыт; в) қосымша тергеў өткериў ушын қайтарылған ис тергеўшиге келип түскенге шекем өткен ўақыт.

3. Дәслепки тергеўде нызамлардық сақланыўы үстинен прокурор бақлаўына кепилилк бериўши мүддетлер. Буған муўапық, өликти эксгумация қылыў ушын тийкарлар (Жынаят-процессуал кодексиниң 148-статьясы), почта-телеграф жөнелтпелерин хатлаў (166-статья), телефон ҳәм басқа да сөйлесиў қурылмалары арқалы жүргизилетуғын сөйлесиўлерди еситип турыў тәртиби (Жынаят-процессуал кодексиниң 170-статьясы), прокурордың процессуал мәжберлеў шараларын қолланыў туўралы көрсетпелериниң

[1] □збекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. // 2003 йил. 9-10-сонлари, 165-моддаси. / 2003 йил 29-август санасидаги Қонуни таҳририда

мәжбүрийлиги (Жынаят-процессуал кодексиниң 219-статья), бас шарасы сыпатында қамаққа алыўды қолланыў тәртиби (Жынаят-процессуал кодексиниң 243-статьясы), қамақта сақлап турыў мүддетин узайтыў тәртиби (Жынаят-процессуал кодексиниң 247-статьясы), айыпланыўшыны лаўазымынан шетлестириў туўралы қарар (Жынаят-процессуал кодексиниң 256-статьясы), шахсты медициналық мәкемеге жайластырыў туўралы қарар (Жынаят-процессуал кодексиниң 266-статьясы), жынаят исин қозғатыў тәртиби (Жынаят-процессуал кодексиниң 331-статьясы) киреди.

Дәслепки тергеў мүддетлерин есаплаў ҳәр қашан да жынаят иси қозғатылған күннен баслап, әдетте, тергеўши тәрепинен жынаят исин сапластырыў туўралы қарар шығарыў, айыплаў жуўмағын дүзиў яки исти медициналық характердеги мәжбүрлеў шараларын қолланыў ушын судқа жибериў туўралы қарар шығарыў менен тамамланады.

Суд исти қосымша тергеў өткериў ушын қайтарып жибергенде, сондай-ақ тоқтатылған яки сапластырылған ис қайта тикленгенде қосымша тергеў мүддети тергеў үстинен бақлаў жүргизип атырған прокурор тәрепинен, усы исти тергеўши қабыл қылған ўақыттан баслап белгиленеди. Бул мүддетти және де узайтыў исти судқа бериў, тоқтатып турыў яки сапластырылғанға шекем өткен тергеў мүддетин есапқа алған ҳалда улыўма тийкарларда әмелге асырылады.

Тергеў мүддетин узайтыў туўралы илтимаснаманы тергеўши тергеў мүддети тамам болыўынан кеминде он сутка бурын прокурорға тапсырады. Прокурор өзиниң тастыйықлаўы менен илтимаснаманы қанаатландырады яки дәслепки тергеўди тамамлап, исти судқа жибериў туўралы көрсетпе береди ямаса жынаят исин сапластырыў туўралы қарар шығарады (Жынаят-процессуал кодексиниң 351-статья жетинши бөлими).

Айтып өтиўимиз тийис болған мәселелердиң бири, бул кесел айыпланыўшы толық саўалып кеткеннен кейин, сондай-ақ, белгили бир дәрежеде саўалғаны ҳәм жынаят исин журитиўде тергеў ҳәрекетлерине

қатнасыўға кесент етпейтуғыны ҳәм тергеў ҳарекетлерине қатнасыўы мүмкин екенлиги ҳаққында эксперттиң жуўмағын алған ўақыттан баслап жынаят исин жүритиў қайтадан тикленеди.

# II-БАП. АЙЫПЛАНЫЎШЫҒА БАЙЛАНЫСЛЫ ҲАЛАТЛАР БОЙЫНША ЖЫНАЯТ ИСИН ТОҚТАТЫЎ

## §.1. Айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўдың процессуал тәртиби

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясында көрсетилген болып, олар дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары деп аталған. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеў айыпланыўшыға байланыслы төрт түрли жағдайда тоқтатылады ҳәм жоқарыда атап өтилген статьяда дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары менен бирге тәртиби де белгиленген[1].

Жынаят-процессуал нызам талапларына көре, айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исинде дәслепки тергеў:

1) ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбаған;

2) айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болған;

3) айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен, егер оның тергеўге келиўин тәмийинлеў имканияты болмаса;

4) айыпланыўшы исти жүргизиўде оның қатнасыўын мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы, лекин емлеўге болатуғын кеселликке шалынған жағдайларда тоқтатылады.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеў Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясы биринши бөлиминде нәзерде тутылған тийкарлар пайда болған ўақыттан баслап тоқтатылады. Бирақ дәслепки тергеў тоқтатылғанға шекем тергеўши айыпланыўшы жоқлығында орынланыўы мүмкин болған барлық тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўы шәрт.

---

[1] Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят иши бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б 157-159.

Дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққында тергеўши қарар шығарады ҳәм оның нусхасын прокурорға жибереди.

Жоқарыда атап өткенимиздей, жынаят иси бойынша дәслепки тергеў имканы барынша тез ҳәм толық өткизилиўи лазым. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди әмелге асырыўда тергеўши барлық процессуал мәжбүриятларды профессионал рәўиште орынлаўы лазым. Бирақ, жынаятты ашыў ҳәм оны әмелге асырған шахсты анықлаў барысында ушырайтуғын айырым қәте-кемшиликлер жынаят иси бойынша барлық тергеў ҳәрекетлерин ақырына шекем жеткизип, нызамлы қарар қабыл етиўге имканият бермеўи мүмкин. Алдын ала көрсетип өткенитмиздей, бундай жағдайларда дәслепки тергеўди тоқтатыўдың жынаят-процессуал нызамшылығында төрт жағдайы көрсетилген ҳәм олардың ҳәр бири жынаят исин тоқтатыў ушын тийкар болып саналады.[1]

Тергеўши ҳәрқандай ҳалатда жынаят ис бойынша тергеў жүргизиўден тоқтамаўға, түрли тергеў ҳәрекетлерин орынлаўға ҳақылы. Солардың ишинде, ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылған шахс анықланбаған болса (биринши тийкар), тергеўдиң Жынаят-процессуал кодексиниң 351-статьясына белгиленген мүддет үш айлық мүддет тамамланбай, тек ғана ис жүритиў тоқтатылыўы мүмкин. Бул мүнәсибет пенен белгили процессуалист-алым, профессор Ғ.Абдумажидов «Бирақ тергеўши үш ай өтиўи менен дәрҳал жынаят исин тамамлап қоймастан, жынаят ислеген шахсты анықлаў ҳам истиң түрли ҳалатларын ҳәртәреплеме тексериў ушын зәрүр тергеў ҳәрекетлерин ҳәм басқа оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин шөлкемлестириўи мақсетке муўапықдыр»[2] деп пикир билдирип өтеди.

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 574.
[2] К□рсетип □тилген дерек. – Б. 575.

Тап сол сыяқлы, айыпланыўшы анықланған болса-да (екинши тийкар), лекин оның қайжерде екенлиги белгисиз болса, үш ай өтиўи менен ақ, ис жүргизиўди тоқтатып қоймастан, айыпланыўшыны қыдырып табыўға қаратылған тергеў ҳәрекетлерин тоқтатпаўға ҳәм басқа оператив илажларда әмелге асырыўға кесент етпейди.

Бул мүнәсибет пенен, юрист-алым Ҳ.Ҳ.Ботиров әмелий ҳәм теориялық режелерге тийкар тергеў хызмети айыпланыўшыны қыдырып табыўға қаратылған шәрт-шараятларды көриўден ибарат. Айыпланыўшыларды қыдырып табыўдағы тийкарғы ўазыйпа ишки ислер уйымлары ҳәм миллий қәўипсизлик хызмети уйымлары тәрепинен әмелге асырылады[1].

Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясында нәзерде тутылған басқа (үшинши ҳәм төртинши) тийкарлар бар болғанда да тергеўши ис бойынша айыпланыўшының туўрыдан-туўры қатнасыўы шәрт болмаған барлық зәрүр тергеў ҳәрекетлерин алып барыўға ҳақылы.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тергеў ҳәрекетлерин ўақтынша орынламаслығы, тергеў алып барыў мүддетиниң (Жынаят-процессуал кодексиниң 351-статьясы) даўам етпеўин билдиреди. Ис бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тергеўшиниң мәжбүриятына кирмейди. Керисинше, ис бойынша тергеўди тоқтатыў ушын тийкарлар болыўына қарамай, тергеўши жынаят иси бойынша орынлаўы лазым болған барлық тергеў ҳәрекетлерин бежериўи, оларды әмелге асырыўға зәрүрлик болған жағдайларда тергеўди тоқтатып қоймаўы лазым.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққындағы қарарда тергеўши буған тийкар болған ҳалатларды анық баян етиўи лазым. Солардың ишинде:

---

[1] Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят иши бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б 159.

- ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахсты анықлаў ушын қандай ҳарекетлер қылғаны, бул ҳаққында қандай версияларды тексергени;

- айыпланыўшы анықланған болса, оны иске қатнасытырыўға тартыў ҳаққында тергеўши қарар шығарыўы, турақлы жасаў жайында жоқлығы, жумысына ямаса оқыўына бармай атырғанлығы, семья ағзалары, жақын туўысқанлары, коңсы-қобалары оның қайжеде екенлигин билмейтуғынлығы ҳаққындағы мағлыўматларды тексергенлиги;

- айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан қандай мақсетте ямаса не себепли шығып кеткенлиги, қайсы мәмлекетте, не менен шуғылланып атырғанлығы, қайтып келиў имканиятларын анықлаў ҳәмде Жынаят-процессуал кодексиниң 5-8-статьяларына муўапық оны Өзбекстан Республикасы аймағына алып келиў шараларын көргенлиги;

- айыпланыўшы жынаят исин жүритиўде қатнасыўға имкан бермейтуғын, ҳақыйқатында да аўыр ҳәм узақ ўақытта саўалыўы мүмкин болған кеселликке ушырығаны медицина экспертиниң жуўмагы менен тастыйықланған екенлиги, сондай-ақ, ден-саўлығын тиклеў шаралары көрилип атырғанлығы ҳаққындағы мағлыўматлар жынаят исине қосып қойылыўы шәрт[1].

Жынаят исин жүргизиў жәбирлениўши ямаса тийкарғы гүўа кеселлиги, ис бойынша ревизия, арнаўлы тексериў ҳәм экспертиза өткерилип атырғанлығ сықлы Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясында туўрыдан-туўры көрсетилмеген себеплерди бәне кылып тоқтатылыўы мүмкин емес.

Жүргизилиўден тоқтатылған ис бойынша тйкарлар ўақты-ўақты менен тексерилип анықланыўы ҳәм айыпланыўшының қатнасыўысыз өткерилиўи мүмкин болған тергеў ҳәрекетлери әмелге асырылыўы мүмкин.

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 576.

Жүргизилиўден тоқтатылған ис бойынша айыпланыўшыны қыдырып табыў ҳәм оның минез-қулқын гүзетиў мақсетинде телефон арқалы сөйлесиўлерин еститип турыў, хат ҳәм басқа да жазысыўларына иркиў салып қойыў сыяқлы шаралар биргеликли тәртипте әмелге асырылып турылыўы лазым.

Жынаят исинде бирнеше шахслар айыпланыўшы сыпатында иске катнасыўға тартылған болып, ис жүргизиўди тоқтатыў, айыпланыўшылардың ҳәммесине байланыслы болмаса ҳәм олардың айырымларының жынайый қылмыслары ҳаққындағы мәселерди айрықша көрип, шешиўши қарарды қабыл етиўге имканимят болса, Жынаят-процессуал кодексиниң 332-статьясында нәзерде тутылған тәртипте истиң усы шахсларға тийисли бөлими ажыратып алынады ҳәм ис судда көрип шығылыўы ушын жиберилиўи лазым.

Айыпланыўшының қайжерде екенлиги белгисиз болғанда, ол атайлап жуўапкершиликтен бас тартыў мақсетинде турақлы жасаў орнын өзгерткени тийисли дәлиллер менен тастыйықланған болыўы шәрт. Егер айыпланяшы оған қарсы жынаят иси қозғатылғанлығы ҳәм оны айыпланыўшы сыпатында иске қатнасяға тартыў ҳаққындаға мәселеден хабардар болмай, басқа жағдайлар себепли өз турақлы жасаў орнын өзгерткен болса, оны жынайый жуўапкершиликке тартыў мүддетлери өткеннен соң жынаят иси Жынаят кодексиниң 64-статьясына муўапық тамамланыўы лазым.

Илимий жумысымыз барысында айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исин тоқтатыўдың барлық тийкарларына тоқталып өтиўди лазым деп таптық.

*Айыпланыўшы кесел болып қалғанда дәслепки тергеўди тоқтатыў.* Жынаят-процессуал кодексиниң 366-статьясында айыпланыўшы кесел болып қалғанда дәслепки тергеўди тоқтатыў тәртиби келтирип өтилген. Оған муўапық, суд-медицина эксперти ямаса психиатр-эксперт айыпланыўшының кесели жынаят исин жүритиўде оның ккатнасыўына имкан бермейтуғын

аўыр ҳәм даўамлы, лекин даўалап болатуғын кеселлик деп тапса, жынаят иси бойынша дәслепки тергеў айыпланыўшы саўаламан дегенше тоқтатылады.

Бундай жағдайларда айыпланыўшыға карата таңланған ықтыят шарасы тергеўши тәрепинен Жынаят-процессуал кодексиниң 236, 254-статьяларында нәзерде тутылған қағыйдаларды сақлаған ҳалда өзгертилместен қалдырылыўы, өзгертилиўи ямаса бийкар қылыныўы мүмкин.

Жынаят-процессуал кодексиниң 366-статьясына муўапық айыпланыўшы кесел болып қалғанда дәслепки тергеўди тоқтатыў ушын кеселлик:

- аўыр болыўы;

- руўҳый ҳам физикалық (соматик) түрдеги узақ даўам ететуғын;

- емленетуғын;

- процессуал, солардың ишинде тергеў ҳәрекетлерин өткизиўде қатнасўға имканият бермейтуғын болыўы нәзерде тутылады.

Жеңил, қыска ўақыт ишинде тәўир болатуғын, сондай-әк аўыр дәрежеде болса-да, тергеў ҳәрекетлеринде қатнасыўға кесент бермейтуғын кеселлик себепли жынаят исин жүритиўди тоқтатыў мүмкин емес.

Жынаят-процессуал кодексиниң 366-статьясында нәзерде тутылған кеселлик айыпланыўшы, оның туўысқанлары тийисли шыпакерден мағлыўматнама алып усыныўлары ямаса аўызеки баян етиўлери мүмкин. Бирақ кеселликтиң анық түри ҳәм дәрежеси бул статьяда көрсетилгендей екенлиги тергеўшиниң қарары тийкарында тайынланған суд-медицина ҳәм суд-психиатрия экспертизасы өткизилгеннен соң тийисли эксперт жуўмағында анық баян етилген болыўы лазым. Экспертиза стационар ямаса амбулатория тәртибинде өткизилиўиниң парқы жоқ. Экспертр жуўмағына тергеўши баҳа береди ҳәм зәрүр деп тапса, қосымша, қайта ямаса комиссион экспертиз өткериўге ҳақылы[1].

---

[1] □збекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.А.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 579.

Кеселлик себепли ис жүритиў тийисли эксперт жуўмағы алынғаннан күннен баслап, кеселлик саўаламан дегенше тоқтатылып турады. Шахстың ақылы зайыллығын анықлаў ҳәм медициналық тәртиптеги мәжбүрлеў шараларын қоллаў ушын медициналық мекемеге жайластырылған дәўирде жынаят иси тоқтатылып турылыўы мүмкин. Бул норма Жынаят-процессуал кодексиниң 569-статьясындағы тәртип бойынша әмелге асырылады.

Экспертиза тайынланған пайыттан баслап ден-саўлығы тексерилип атырган айыпланыўшының қатнасыўында процессуал ҳарекетлер өткериў мүмкин емес.

Сондай-ақ, жоқарыда айтып өткенимиздей, кесел айыпланыўшы толық саўалып кеткеннен кейин, сондай-ақ, белгили бир дәрежеде саўалғаны ҳәм жынаят исин журитиўде тергеў ҳәрекетлерине қатнасыўға кесент етпейтуғыны ҳәм тергеў ҳәрекетлерине қатнасыўы мүмкин екенлиги ҳаққында эксперттиң жуўмағын алған ўақыттан баслап жынаят исин жүритиў қайтадан тикленеди.

Экспертиза өткизилиўи ушын шахс медициналық мекемеге жайластырылыўы мүмкин. Бул ҳаққында Жынаят-процессуал кодексиниң 265-269-статьяларында толық мағлыўматлар берилген. Экспертиза өткизилиўи мүнәсибети менен тергеўши айыпланыўшыға карата ықтыят шарасын көриўи ямаса өзгертиўи мүмкин. Бундай жағдайларда Жынаят-процессуал кодексиниң 236-254-статьяларының талаплары сақланыўы шәрт есапланады.

Суд-психиатрия экспертизасы шахстың саяалмайтуғын руўҳый кесел екенлигин анықласа, тергеўши жынаят исин медициналық мәжбүрлеў шараларын қоллаў ушын прокурор арқалы судқа жибереди.

*Жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырылыўы лазым болған шахс анықланбаған ҳалларда дәслепки тергеўди тоқтатыў.* Жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырылыўы лазым болған шахс анықланбаған ҳалларда дәслепки тергеўди тоқтатыў тәртиби Жынаят-

процессуал кодексиниң 367-статьясында көрсетип өтилген. Оған муўапық, барлық тергеў ҳәрекетлери орынланып болынғанынан кейин ҳәм жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырылыўы лазым болған шахс анықланбаса, ис жүритиў тоқтатылыўы мүмкин.

Бундай ҳалларда тергеўши сорастырыў органы арқалы жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырылыўы лазым болған шахсты анықлаў ҳәм оны жуўапкершиликке тартыў илажларын көриўи шәрт.

Жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырылыўы лазым болған шахс анықланбағанлығы себепли тоқтатылған жынаят иси Жынаят кодексиниң 64-статьясында белгиленген жуўапкерликке тартыў мүддетиниң өтип кетиўи менен, тамамланыўы лазым.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеў жынаятты тез ҳәм толық ашыўға қаратылған. Буған ерисиў көбинесе қыйын. Әсиресе, жасырын жынаят қылыў, оның излерин жоғалтыў, тергеўшини алжастырыў ҳалларындаям жынаят ашылыўына ерисиў, бирақ оны ислеген шахс белгисизлигинше қалыўы мүмкин. Айырым ўақтлары тергеўшиниң дәлиллерди излеп табыўда уқыпсызлығы арқасында жынаятшы анықланбай ҳам жуўапкерликке тартылмай қалады. Бундай тариздеги жынаят servlerin тәжирийбели тергеўшилерге бериў, сондай-ақ сорастырыў органлары менен биргеликте оператив-қыдырыў шараларын көриўи лазым.

Дәслепки тергеў даўамында жынаят ислеген шахс анықланбаса, барлық версиялар тексерилген ҳәм зәрүр тергеў ҳәрекетлери өткерилген ҳалда ис жүргзиўди тоқтатыўға жол қойылады. Бирақ, бул жынаятшыны анықлаўды тоқтатып қойыўды билдирмей, тек ғана тергеў өткериў мүддетиниң тоқталыўын билдиреди. Бундай шахсты излеў бул жынаят ушын жуўапкерликке тартыў мүддети, яғный Жынаят кодекси 64-статьясында көрсетилген мүддетлер өтемен дегенше алып барылады. Тек ғана усы мүддет тамамланғанннан кейин ғана жынаят иси тамамланады.

Егер жынаят иси бойыншга бирнеше шахс жуўапкершиликке тартылыўы лазым болса, истиң белгисиз шахсқа қаратылған бөлими айрықша ис жүргизиўге ажыратылып, жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырылғанларға қаратылған бөлими тамамланыўы ҳәм де айыплаў жуўмағы менен прокурорға жиберилиўи лазым.

*Айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен жағдайда жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў.* Айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен жағдайда жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тәртиби Жынаят-процессуал кодексиниң 368-статьясында көрсетип өтилген. Оған муўапық айыпланыўшының Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткенлиги анықланған болса ҳәм бул ҳал дәслепки тергеў ҳәрекетлеринде оның исте қатнасыўын тәмийинлеў имканиятын бермесе, барлық тергеў ҳәрекетлери орынланғанынан кейин ис бойынша дәслепки тергеў өткериў тоқтатылады.

Жынаятты ислеген шахс анықланган ҳәм оның ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнастырыўға тартыў ҳаққындағы қарар шығарылған шахс Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен жағдайда, оны дәслепки тергеў ҳәм судқа келтириў шаралары көриледи. Бирақ көрилген шаралар нәтийже бермесе, барлық тергеў ҳәрекетлери орынланып болынғанынан кейин, жынаят иси бойынша дәслепки тергеў тоқтатылады.

Айыпланыўшы сыпатында белгиленген шахс Өзбекстан Республикасы аймағынан нызамсыз тәртипте шығып кеткен жағдайда, оны Жынаят кодексиниң 223-статьясы менен де қосымша айыплаў лазым.

Жынаят иси бойынша бирнеше айыпланыўшылардан бири Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен жағдайда, бул мәселе Жынаят-процессуал кодексиниң 367-статьясы үшинши бөлими менен тәртипке салынады.

## §.2. Жынаят иси тоқтатылғанынан кейинги әмелге асырылатуғын процессуал ҳәрекетлер

Айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят иси тоқтатылғаннан кейин ис бойынша барлық ҳәрекетлер тоқтатып қалмастан, бәлким, даўам еттириледи. Жынаят иси тоқтатылғанынан кейинги әмелге асырылатуғын процессуал ҳәрекетлер, тийкарынан алғанда, еки түрли процессуал бағдарда әмелге асырылады.

*Биринши бағдар.* Бул процессуал бағдар өз ишине ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбаған, айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен, егер оның тергеўге келиўин тәмийинлеў имканияты болмаған ҳәм айыпланыўшы исти жүргизиўде оның қатнасыўын мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы, лекин емлеўге болатуғын кеселликке шалынған жағдайларды алады. Бул жерде, негизинен алғанда, айыпланыўшының қатнасыўын талап қылмайтуғын ҳәм оның қатнасыўысыз әмелге асырылыўы мүмкин болған тергеў ҳәрекетлерин өткизиўден ибарат. Айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят иси тоқтатылғаннан кейин тергеўши айыпланыўшыны излеп табыў, оның жақын туўысқанлары, қоңсы-қобалары, топары, дослары, оқыў ҳәм жумыс жайындағы адамлардан, егер, лазым болса, оның менен жеке таныс болган ҳәм ҳәрдайым қасында жүретуғын жораларын да сораў қылыўы лазым.

*Екинши бағдар.* Бул процессуал бағдар өз ишине айыпланыўшының турар жайы белгисиз болған жағдайларды қамтыйды. Бундай ўақытта тергеўшиниң ең тийкарғы процессуал ҳәрекети, бул – қыдырыў (излеў) жәриялаў.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў барысында көплеген илимий изертлеўлерди әмелге асырған юрист-алым Ҳ.Ҳ.Ботировтың бирлидип өтиўинше, жынаят-процессуал теориясында

айыпланыўшыға «излеў жәриялаў» ямаса «қыдырыў жәриялаў» жынайый-ҳуқықый базада биргеликли түсиник жоқ. Көпшилик алымларымыз қыдырыў хызметин тек ғана жынаят-қыдырыў бөлимлериниң ўазыйпасы деп есаплайды. Лекин, қыдырыў хызметине кең жәмийетшиликтиде тартса болады. Мысалы, мәҳәллелерде мәҳәлле ақсақалы ямаса оның ўакиллери бақа бир бийгана шахслардың пайда болғанлығын билдириўи лазым. Қыдырыў ҳәрекети ҳәм оператив-қыдырыў илажлары айыпланыўшыны излеп табыўға қаратылған тийкарғы бағдар сыпатында тоқтатылған ислерге қаратылған болыўы лазым[1].

Жынаят-процессуал кодексиниң 365-статьясында қыдырыў жәриялаў тәртиби белгиленген болып, айыпланыўшының турар жайы белгисиз болғанда тергеўши оның турар жайын анықлаў ушын зәрүр болған барлық илажларды көриўи, зәрүр жағдайларда болса оған байланыслы қыдырыў жәриялаўы шәрт.

Өз мазмунына бола қыдырыў иси айыпланыўшы сыпатында жынаят исине тартылған шахсты излеп табыўға қаратылған жумыслар болып табылады. Егер шахс айыпланыўшы сыпатында жынаят исине тартылмаған болса, жынаятты ким ислегенлиги анықланбастан турып, жынаят ислеген шахсты излеў, яғный жынаятты ашыў ҳәм оператив- қыдырыў жумысларына байланыслы жағдай болады.

Тергеўши тек айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартыў туўралы қарар шығарылған шахсқа байланыслы ғана қыдырыў жәриялаўға ҳақылы. Қыдырыў дәслепки тергеў жүргизилип атырғанда да, сондай-ақ, дәслепки тергеў тоқтатылғаннан кейин де жәрияланыўы мүмкин. Жынаят-процессуал кодексиниң 242-243-статьяларында көзде тутылған тийкарлар бар болса, тергеўши прокурордың санкциясы менен қыдырылып атырған

[1] Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят иши бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б 157-159.

айыпланыўшы табылған жағдайда оған қамаққа алыў түриндеги бас шарасын қолланыўы мүмкин.

Изленип атырған айыпланыўшы усланған жағдайда усы орындағы прокурор сол шахстың қыдырылып атырған айыпланыўшы екенлигин анықлаўы ҳәм қамаққа алыў ушын нызамлы тийкарлар бар екенлигине исеним пайда етиўи лазым. Қыдырыў жәриялаўды әмелге асырмастан турып, алды менен айыпланыўшының шынында да тергеўден жасырынғанлығын анықлаў зәрүр. Буның ушын оның шахсы туўралы толық мағлыўмат топлаў керек болады.

Айыпланыўшыны излеўде барлық ҳуқық қорғаў органларының, сорастырыў органларының хызметинен нәтийжели пайдаланыў мақсетке муўапық. Айыпланыўшыға байланыслы излеў жәрияланыўы дәслепки тергеўге жәрдем беретуғын дәлиллерди топлаў ҳәрекетлерин тоқтатып қоймайды.

Қыдырыў жәриялаў туўралы қарарда тергеўши жүргизип атырған жынаят исиниң тийкарлары, излеў жумысларының кимге тапсырылып атырғанлығы, қыдырылып атырған шахсқа қандай бас шарасын қолланыў кереклиги ҳәм қыдырылып атырған шахс усланған жағдайда оны қай жерге жибериў лазымлығы баян етеди. Егер жынаят исин тоқтатыў ҳәм излеў жәриялаў туўралы тергеўшиниң қарары бир ғана ҳуқықый ҳүжжетте – қарарда баян етилген болса, онда барлық мағлыўматлар усы ҳүжжетте көрсетип өтилиўи керек.

Айыпланыўшыны излеў нәтийжесин тергеўши тәрепинен оператив-қыдырыў жумысларын әмелге асырыўшы сорастырыў органлары менен исти шөлкемлестиргенлигине қарап белгилеў мүмкин. Әдетте тергеўши айыпланыўшыны излеўге байланыслы тапсырманы қарар ҳәм изенилиўшиниң фотосүўрети менен бирге ишки ислер органына жибереди. Излеў ҳаққындағы қарарда изленип атырған шахс туўралы толық мағлыўмат бериледи. Оның сыртқы көриниси, жасы, миллети, расасы ҳәм қай жерлерде

болыўы мүмкинлиги, улыўма алғанда изленип атырған шахсты табыўға жәрдем бериўи мүмкин болған хәр қандай мағлыўмат қоса тигилип жиберилиўи лазым.

Изленип атырған шахстың жеке мағлыўматнамасында: фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылғн жылы, айы, күни, миллети, партияға ағзалығы, мағлыўматы, семьялық жағдайы, туўысқанларының дизими хәм олардың жасаў мәнзили, әскерий хызметке байланысы, судланғанлығы туўралы мағлыўматлар, сыртқы көриниси белгилери, денсаўлығы, даўамлы қәсийеттеги кеселликлери, қай жерде емленгенлиги, жынайый жуўапкерликтен қандай себеплерге көре қашқанлығы, оған кимлер жәрдем берген болыўы мүмкинлиги ямаса анық болса ким жәрдем бергенлиги, жеке байланыслары хәм басқа соған уқсас мағлыўматлар және айыпланыўшы қай жерде жасырыныўы мүмкин болған аймақлар, орынлар, итималл хәм болжаўлар бар болса, излеўди аңсатластыратуғын басқа да мағлыўматлар көрсетиледи.

Сондай-ақ, Ҳ.Ҳ.Ботиров айыпланыўтабылған ўақытта дәрхал оған қарата суд санкциясы арқалы ықтыят шарасы сыпатында қамақты қоллаған мақсетке муўапық екенлигин билдиреди[1].

Зәрүр болған жағдайларда қыдырыў жәриялаў туўралы қарар менен бирге айыпланыўшыдан сораў алыў туўралы тапсырма да қоса жибериледи. Сораў алыў туўралы тапсырмада айыпланыўшыдан соралыўы лазым болған саўаллар дизими де қоса жиберилиўи мүмкин.

Қыдырыў жәриялаў туўралы қарар хәм тапсырма сорастырыў органына тапсырылғаннан кейин де тергеўши айыпланыўшыны излеў бойынша өз жумысларын тоқтатпайды. Тергеўши өзиниң излеў туўралы қарарының орынланыўын турақлы түрде сорастырыў органларынан талап етип турыўға хақылы. Егер излеўди әмелге асырып атырған сорастырыў органлары

[1] Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят иши бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // Ёш олимларнинг илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б. 159.

жумысларынан тергеўши наразы болса, бул ҳаққында прокурорға мүрәжат етиўи мүмкин.

Егер айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан тысқарыда болса, ол жағдайда халық аралық экстрадиция (international extradicy) қағыйдаларына муўапық мәмлекетимиз аймағына алып келиўи ҳәм айыпланыўшыны тутыўы лазым. Экстрадиция қатнасықлары болса тийисли сырт ел менен республикамыз арасында дүзилген халық аралық-ҳуқықый шәртнамаға муўапық әмелге асырылады.

Шахсты излеў Интерпол (Interpol – international policy) – халық аралық полиция арқалы да әмелге асырылыўы мүмкин. Бул жағдайда усы шөлкемниң қағыйдаларына бойсыныў лазым болады.

## Жуўмақлаў

Жуўмақлаў сыпатында айтып өтиўимиз керек болған мәселе соннан ибарат, жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди жүргизиўге имкан бермейтуғын жағдайлар Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясында көрсетилген болып, олар дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары деп аталған. Жынаят иси бойынша дәслепки тергеў айыпланыўшыға байланыслы төрт түрли жағдайда тоқтатылады ҳәм жоқарыда атап өтилген статьяда дәслепки тергеўди тоқтатыў тийкарлары менен бирге тәртиби де белгиленген.

Жынаят-процессуал нызам талапларына көре, айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят исинде дәслепки тергеў:

1) ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбаған;

2) айыпланыўшының қай жерде екенлиги белгисиз болған;

3) айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен, егер оның тергеўге келиўин тәмийинлеў имканияты болмаса;

4) айыпланыўшы исти жүргизиўде оның қатнасыўын мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы, лекин емлеўге болатуғын кеселликке шалынған жағдайларда тоқтатылады.

Дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққында тергеўши қарар шығарады ҳәм оның нусхасын прокурорға жибереди.

Тергеўши ҳәрқандай ҳалатда жынаят ис бойынша тергеў жүргизиўден тоқтамаўға, түрли тергеў ҳәрекетлерин орынлаўға ҳақылы. Солардың ишинде, ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылған шахс анықланбаған болса (биринши тийкар), тергеўдиң Жынаят-процессуал кодексиниң 351-статьясына белгиленген мүддет үш айлық мүддет тамамланбай, тек ғана ис жүритиў тоқтатылыўы мүмкин. Бирақ тергеўши үш ай өтиўи менен дәрҳал жынаят исин тамамлап қоймастан, жынаят ислеген шахсты анықлаў ҳам истиң түрли ҳалатларын ҳәртәреплеме тексериў ушын

зәрүр тергеў ҳәрекетлерин ҳәм басқа оператив-қыдырыў ҳәрекетлерин шөлкемлестириўи мақсетке муўапықдыр.

Тап сол сыяқлы, айыпланыўшы анықланған болса-да (екинши тийкар), лекин оның қайжерде екенлиги белгисиз болса, үш ай өтиўи менен ақ, ис жүргизиўди тоқтатып қоймастан, айыпланыўшыны қыдырып табыўға қаратылған тергеў ҳәрекетлерин тоқтатпаўға ҳәм басқа оператив илажларда әмелге асырыўға кесент етпейди.

Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясында нәзерде тутылған басқа (үшинши ҳәм төртинши) тийкарлар бар болғанда да тергеўши ис бойынша айыпланыўшының туўрыдан-туўры қатнасыўы шәрт болмаған барлық зәрүр тергеў ҳәрекетлерин алып барыўға ҳақылы.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тергеў ҳәрекетлерин ўақтынша орынламаслығы, тергеў алып барыў мүддетиниң (Жынаят-процессуал кодексиниң 351-статьясы) даўам етпеўин билдиреди. Ис бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў тергеўшиниң мәжбүриятына кирмейди. Керисинше, ис бойынша тергеўди тоқтатыў ушын тийкарлар болыўына қарамай, тергеўши жынаят иси бойынша орынлаўы лазым болған барлық тергеў ҳәрекетлерин бежериўи, оларды әмелге асырыўға зәрүрлик болған жағдайларда тергеўди тоқтатып қоймаўы лазым.

Жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди тоқтатыў ҳаққындағы қырарда тергеўши буған тийкар болған ҳалатларды анық баян етиўи лазым. Солардың ишинде: ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахсты анықлаў ушын қандай ҳарекетлер қылғаны, бул ҳаққында қандай версияларды тексергени; айыпланыўшы анықланған болса, оны иске қатнасытырыўға тартыў ҳаққында тергеўши қарар шығарыўы, турақлы жасаў жайында жоқлығы, жумысына ямаса оқыўына бармай атырғанлығы, семья ағзалары, жақын туўысқанлары, коңсы-қобалары оның қайжеде екенлигин билмейтуғынлығы ҳаққындағы мағлыўматларды тексергенлиги; айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан қандай

мақсетте ямаса не себепли шығып кеткенлиги, қайсы мәмлекетте, не менен шуғылланып атырғанлығы, қайтып келиў имканиятларын анықлаў ҳәмде Жынаят-процессуал кодексиниң 5-8-статьяларына муўапық оны Өзбекстан Республикасы аймағына алып келиў шараларын көргенлиги; айыпланыўшы жынаят исин жүритиўде қатнасыўға имкан бермейтуғын, ҳақыйқатында да аўыр ҳәм узақ ўақытта саўалыўы мүмкин болған келелликке ушырығаны медицина экспертиниң жуўмагы менен тастыйықланған екенлиги, сондай-ақ, ден-саўлығын тиклеў шаралары көрилип атырғанлығы ҳаққындағы мағлыўматлар жынаят исине қосып қойылыўы шәрт.

Жүргизилиўден тоқтатылған ис бойынша тйкарлар ўақты-ўақты менен тексерилип анықланыўы ҳәм айыпланыўшының қатнасыўысыз өткерилиўи мүмкин болған тергеў ҳәрекетлери әмелге асырылыўы мүмкин. Жүргизилиўден тоқтатылған ис бойынша айыпланыўшыны қыдырып табыў ҳәм оның минез-қулқын гүзетиў мақсетинде телефон арқалы сөйлесиўлерин еститип турыў, хат ҳәм басқа да жазысыўларына иркиў салып қойыў сыяқлы шаралар биргеликли тәртипте әмелге асырылып турылыўы лазым.

Айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят иси тоқтатылғаннан кейин ис бойынша барлық ҳәрекетлер тоқтатып қалмастан, бәлким, даўам еттириледи. Жынаят иси тоқтатылғанынан кейинги әмелге асырылатуғын процессуал ҳәрекетлер, тийкарынан алғанда, еки түрли процессуал бағдарда әмелге асырылады.

Биринши бағдар. Бул процессуал бағдар өз ишине ис бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартылыўы лазым болған шахс анықланбаған, айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан шығып кеткен, егер оның тергеўге келиўин тәмийинлеў имканияты болмаған ҳәм айыпланыўшы исти жүргизиўде оның қатнасыўын мүмкиншилик бермейтуғын аўыр ҳәм даўамлы, лекин емлеўге болатуғын келелликке шалынған жағдайларды алады. Бул бағдар айыпланыўшының қатнасыўысыз әмелге асырылыўы мүмкин болған тергеў ҳәрекетлерин өткизиўден ибарат.

Айыпланыўшыға байланыслы ҳалатлар бойынша жынаят иси тоқтатылғаннан кейин тергеўши айыпланыўшыны излеп табыў, оның жақын туўысқанлары, қоңсы-қобалары, топары, дослары, оқыў ҳәм жумыс жайындағы адамлардан, егер, лазым болса, оның менен жеке таныс болган ҳәм ҳәрдайым қасында жүретуғын жораларын да сораў қылыўы лазым.

Екинши бағдар. Бул процессуал бағдар өз ишине айыпланыўшының турар жайы белгисиз болған жағдайларды қамтыйды. Бундай ўақытта тергеўшиниң ең тийкарғы процессуал ҳәрекети, бул – қыдырыў жәриялаў. Айыпланыўшының турар жайы белгисиз болғанда тергеўши оның турар жайын анықлаў ушын зәрүр болған барлық илажларды көриўи шәрт.

Өз мазмунына бола қыдырыў иси айыпланыўшы сыпатында жынаят исине тартылған шахсты излеп табыўға қаратылған жумыслар болып табылады. Егер шахс айыпланыўшы сыпатында жынаят исине тартылмаған болса, жынаятты ким ислегенлиги анықланбастан турып, жынаят ислеген шахсты излеў, яғный жынаятты ашыў ҳәм оператив- қыдырыў жумысларына байланыслы жағдай болады.

Егер айыпланыўшы Өзбекстан Республикасы аймағынан тысқарыда болса, ол жағдайда халық аралық экстрадиция (international extradicy) қағыйдаларына муўапық мәмлекетимиз аймағына алып келиўи ҳәм айыпланыўшыны тутыўы лазым ҳәм оны излеп табыў Интерпол (Interpol – international policy) – халық аралық полиция арқалы да әмелге асырылыўы мүмкин. Бул жағдайда усы шөлкемниң қағыйдаларына бойсыныў лазым болады.

Улыўма алғанда, жынаят иси бойынша дәслепки тергеў Жынаят-процессуал кодексиниң 364-статьясы биринши бөлиминде нәзерде тутылған тийкарлар пайда болған ўақыттан баслап тоқтатылады. Бирақ дәслепки тергеў тоқтатылған дәўирлерде тергеўши айыпланыўшы жоқлығында орынланыўы мүмкин болған барлық тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўы шәрт.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР.

## I. БАСШЫЛЫҚҚА АЛЫНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Каримов И.А. Инсон манфаатларини таъминлаш, ижтимоий ҳимоя тизимини такомиллаштириш – устивор вазифамиздир // Ўзбекистон Республикаси Президентининг Ўзбекистон Республикаси Конститутциясининг 14 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. 2006 йил 7 декабрь. –Т.: Ўзбекистон, 2007.

2. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

3. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиздир. – Т.: Ўзбекистон, 2009.

4. Каримов И.А. “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси” / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрдаги қўшма мажлисидаги сўзлаган маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 13 ноябр. №220(5135).

5. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

6. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012.

7. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир // Президент И.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. / Халқ сўзи, 2012 йил, 8 декабр.

## II. ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲҮЖЖЕТЛЕР

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: «Ўзбекистон», 2012.

2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. - Нөкис: «Билим», 2005.

3. Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2010.

4. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2012.

5. Ўзбекистон Республикасининг «Судлар тўғрисида»ги Қонуни (янги таҳрирда). –Т.: Адолат, 2001.

6. Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Далиллар мақбуллигига оид жиноят-процессуал қонуни нормаларини қўллашнинг айрим масалалари тўғрисида»ги 2004-йил 24-сентябрдаги 12-сонли қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорлари тўплами. II-жилд. 1991-2006 й.й. – Т.:O'qituvchi, 2007.

7. Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами. 1991-2006 йй. // Н.З.Тошматовнинг умумий таҳрири остида Чоп этилди. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий Суди, 2007.

## III. АРНАЎЛЫ ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абдумажидов Ғ.А. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври. – Т.: Адолат, 2002.

2. Адвокатская деятельность в Республике Узбекистан: Учебник. В 2-х т. Т.2. / Отв. ред. М.Х.Рустамбаев, Л.Б.Хван; Мин-во юстиции Республики Узбекистан, ТГЮИ. – Т.: Konsauditinform-nashr, 2006.

3. Астанова Л. Жиноят процесси ва шахснинг ҳуқуқий мавқеи: ўқув қўлланма. – Т.: Шарқ, 1997.

4. Ахпанов А.Н. Проблемы уголовно-процессуального принуждения в стадии предварительного расследования. – Алматы: Жеті – Жарғы, 1997.

5. Белезоров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий: учебное пособие. – М.: Изд-во МГУ, 1990.

6. Белкин Р.Б. Тактика следственных действий. – М.: Новый юрист, 1997.

7. Володина Л.М., Сидорова Н.В. Уголовный процесс: учебное пособие. 2-изд., исп. и доп. – Тюмень: Изд-во Тюменского гос. университета, 2007.

8. Володина Л.М. Механизм защиты личности в уголовном процессе. – Тюмень: Изд-во Тюмен. гос. ун-та, 1999.

9. Громов Н.А. Уголовный процесс: Учебное пособие. – М.: Юристъ, 1998.

10. Давлетов А.Д. Прокурорский надзор: учебник. – Нукус. «Билим», 1999.

11. Жиноят процесси: дарслик. Умумий қисм. / З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2008..

12. Зокиров Х.А. Одил судлов ҳуқуқий маданиятини юксалтиришнинг назарий муаммолари / Масъул муҳаррир У.Таджиханов. – Т.: ИИВ Академияси, 1998.

13. Зокиров Х.А. Судебная власть и правовая культура. – Т.: ТГЮИ, 1997.

14. Звягинцева Л.М., Плюхина М.А., Решетникова И.В. Доказывание в судебной практике по гражданским делам: Учебно-практическое пособие. – М.: НОРМА, 2000.

15. Зорин Г.А. Теоритические основы криминалистики. – Минск: Амалфия, 2000.

16. Зинатуллин З.З., Салахов М.Б., Чулюкин Л.Д. Подследственность уголовных дел. – Казань: Изд-во Казанского университета, 1986.

17. Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процессида суд назорати концепцияси / Маъсул муҳаррир: Ғ.А.Абдумажидов-Ўзбекистон Республикаси фан арбоби, юридик фанлари доктори, профессор.-Т.: ТДЮИ, 2006

18. Кириллова Н.П. Суд присяжных и мировой опыт.- СПб.: Норма-информ, 1998.

19. Криминалистика: учебник. – М.: Норма, 2000.

20. Нерсесянц В.С. Ҳуқуқ фалсафаси / Масъул муҳаррир: А.Х.Саидов. – Т.: Адолат, 2003.

21. Ниёзова С.С. Виктимологическая профилактика преступлений: Учебное пособие. – Т.: ТГЮИ, 2009.

22. Мадалиев О.М. Жиноят ишларини биринчи инстанция судларида кўрилишида прокурор иштироки. – Тошкент: ТДЮИ, 2005.

23. Мингбоев У.Қ. Суд – шундай ҳокимиятки. – Т.: Шарқ, 1999.

24. Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2001. – Б. 24.

25. Организация деятельности судов: учебник. / Под общ. ред. В.И.Лебедева. – М.: Норма, 2008.

26. Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати: дарслик / Б.Х.Пўлатов; масъул муҳаррирлар: Т.А.Умаров, А.Т.Алламуратов ва бошқ. – Т.: «O'zbekiston», 2009.

27. Пособие для следователя: расследование преступлений повышенной общественной опасности. – М.: Изд-во «Лига-разум», 1999.

28. Роша А.Н. Процессуальные и психологические начала допроса обвиняемого. – М.: АКД, 1965.

29. Селиванов Н.Л. Руководство для следователя: учебное пособие. – М.: ИПК «Лига Разума», 1997.

30. Савицкий В.М. Прокурорский надзор за дознанием и предварительным следствиям: учебное пособие – М., 1992.

31. Уголовный процесс: (Общая часть): Учебник для вузов / Под ред. Е.Н.Никифоровой. – Т.: «Адолат», 2000.

32. Уголовный процесс: Общая часть. Учебное пособие. / Автор-сост.: к.ю.н. У.А.Тухташева. – Т.: ТГЮИ, 2007.

33. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.

34. Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.А.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009.

## IV. ИЛИМИЙ МАҚАЛАЛАР

1. Ботиров Ҳ.Ҳ. Тўхтатилган жиноят ишлари бўйича дастлабки тергов органларининг фаолияти // ТДЮИ Ёш олимлари илмий мақолалари тўплами. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б. 157

2. Иноғомжонова З.Ф. Инсон ҳуқуқлари кафолати сифатида айбланувчининг айбсизлиги презумпцияси // Фан ва ёшлар. – 2008. 4-сон. – Т.: ТДЮИ, 2008. – Б. 4-6.

3. Қодирова М. Жиноят-процессуал муддатлар тушунчаси. // Фан ва Ёшлар. – Т.: ТДЮИ, 2009. 4-сон. – Б. 90.

4. Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисидаги қарорда далиллардан фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. – 2009. 1-сон. – Т: ТДЮИ, 2009. – Б. 93-95.